ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№235 (23.643) ● 2017 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 7, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІУЭКІУЭ Юрий: Президент хэхыныгъэхэм зэрыхэтынум теухуауэ Путин Владимир ищІа унафэр иджыри зэ щыхьэт тохъуэ лъэпкъ куэд щыпсэу Урысейм и цІыхухэм я псэукІэмрэ къэралым и къэкІуэнумкІэ абы и щхьэкІэ жэуаплныгъэшхуэ зэрихьым



Ди къэралым и Іэтащхьэм и зи чэзу президент хэхыныгъэхэм хэтыну Путин Владимир Владимир и къуэм мурад зэрищІам икъукІэ гуапэу икІи гугъэшхуэхэр ирапхыу Іущ Іащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэр. Ар иджыри зэ щыхьэт тохъуэ лъэпкъ куэд щыпсэу Урысейм и цІыхухэм я псэукІэмрэ къэралымкІэ абы жэуаплныгъэшхуэ и пщэ зэрыдилъхьэжым.

Ди Президентым урысей жылагъуэм щиІэ Іулыдж лъагэ дыдэм, дунейпсо терроризмэм ебэныным къыщихьа ехъулІэныгъэхэм, къэралым и экономикэ, зыхъумэжныныгъэ Іэнатіэхэр гъэбыдэным зэпымыууэ зэрегугъум я фІыгъэкІэ абы цІыху куэд дыдэ и телъхьэ зэрыхъунум шэч хэлъкъым.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

● Школ хъыбархэр

Анэхэм яхуэгъэза гуапагъэ

Анэмрэ бынымрэ я зэхуаку дэлъын хуей пщІэр, нэмысыр, гуапагъэр, дахагъэр, гу щабагъэр сабийхэм къагурыгъэІуэнымкІэ школым, егъэджакІуэхэм мыхьэнэшхуэ яІэщ. ШколакІуэхэм ар зэрызыхащІэр зрагъэщІэн мурадкІэ, апхуэдэуи Анэм и махуэри ягъэлапІэу, Налшык къалэ дэт епщІанэ курыт еджапІэм зэпеуэ щрагъэкІуэкІащ. Ныбжьыщ1эхэм утыку кърахьащ анэхэм папщІэ ягъэхьэзыра лэжьыгъэхэр: къэфащ, усэ къеджащ, уэрэдхэр ягъэзэщІащ.

ХЬЭЩІЭ лъапІэ куэд зыщІэса зэпеуэр къызэзыгъэпэщащи езыгъэкІуэкІари школым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Бетыгъуэн Лианэщ. Ар къызэІуахащ ещанэ классым щеджа Шэру Ибрэхьимрэ Бэдракъ Диссанэрэ ягъэзэща къафэмкІэ. Абыхэм Іэгуауэ ин хуаІэта нэужь, еджакІуэ цІыкІухэу Ташухэ Іэдэмрэ Мухьэмэдрэ жаІащ анэм теухуа адыгэ псалъэжьхэр, псалъэ шэрыуэхэр. КъыкІэлъыкІуэу ныбжьыщІэхэр къеджащ Щоджэнцыкіу Алий, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Къэзан Фатімэ, нэгъуэщІ усакІуэхэми анэр ягъэлъапІэу я къалэмыпэм къыпыкІа усэхэм.

Гухэхъуэу, нэжэгужэу екІуэкІащ Іузхур. Абы и кІэухыу утыку кърашащ нэхъ жыджэру зэпеуэм хэтахэр, абы къыхэжаныкІахэр. Апхуэдэхэт 1 - 4-нэ классхэм ящыщу апэ увыпІэр зыхуагъэфэща Къардэн Дианэ, етІуанэр къэзыхьа Сомгъур Миланэ, ещанэ хъуа Шэру Ибрэхьим. 5 - 10-нэ классхэм ящыщу апэ увыпІэр къихьащ Бэрбэч Саният, етІуанэ увыпІэр хуагъэфащащ Хьэгъэжей Иннэ, ещанэр Ташу Іэдэм иратащ. ШколакІуэхэр къызэджа усэхэм ящыщу дэтхэнэми и гупсысэ нэхъыщхьэу къалъытэ псалъэуха зырыз къыхахат сабийхэм. Ахэр зэхагъэувэжри, анэхэм яхуэгъэза хъуэхъу дахэ къыхащІыкІыжащ цІыкІухэм.

БАКЪ Мадинэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

КъБР-м ЛэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэм дыгъэгъазэм и 4-м щекІуэкІащ Афганистаным щызэуахэм я Урысей-псо зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и правленэм и зи чэзу зэІущІэ.

«ХЬЭРЫЧэТЫЩІЭУ щымыт къызэгъэпэщныгъэхэм (НКО) ящыщу жылагъуэм хуэщхьэпэ, социальнэ и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэ ин зиІэ ІуэхущІафэхэр зылэжьхэр» фІэщыгъэм щІэту къызэрагъэпэща зэхьхьэр ирырагъэхьэлІащ Ныкъуэдыкъуэхэм я дунейпсо махуэмрэ Сэлэт мыцІыхум и махуэмрэ. ЗэІущІэм хэтащ Іуэхум къегъэщІыпІа Іуэхущіапіэхэмрэ министерствэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ я лІыкІуэхэр.

- НКО-хэм ятеухуа хабзэр (законыр), ди лъэкІыныгъэхэмрэ ди пщэрылъхэмрэ хэзыгъахъуэр, къызэращтэрэ куэд щІакъым, мы зэкІэ и гъэзэщІэкІэ псори, зэрыщытыпхъэу, зэрымыубзыхуари къыдгуроІуэ. АтІэмэ, дыхуейт властым и гъэзэщІакІуэ органхэмрэ министерствэхэмрэ я лІыкІуэхэр хабзэщІэм нэхъ зэхэщІыкІыгъуэу фытхутепсэлъыхьыну, - жиІащ КъБР-м и Парламентым и депутат, Афганистаным щызэуахэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и правленэм и унафэщІ **Тхьэгъэлэдж Тимур**, къаухеблагъахэм защыхуигъазэм. - Социальнэ и лъэныкъуэкІэ дгъэзащІэ Іуэхутхьэбзэхэр пщалъэ хэгъэуэнэхуКІам хуэдгъэкІуэнымкІэ длэжьыпхъэхэр къыщыгъэлъэгъуа тхьилъхэми дахуэныкъуэнущ.

Зэхьихьэм хэтахэр апхуэдэу тепсэлъыхьащ ныкъуэдыкъуэхэр, зауэ зэжьэхэуэныгъэхэм я ветеранхэр, абыхэм я унагъуэхэр зыхуей-зыхуэныкъуэхэм хуэгъэзэным, я хуитныгъэхэр хъумэнымкІэ щыІэ Іэмалхэр егъэфІэкІуэнымкІэ хабзэщІэр къызэрагъэсэбэп хъуну щІыкІэхэм, нэгъуэщІхэми.

Афганистаным щызэуахэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм и республикэ къудамэм деж куэд дэмыкІыу къыщызэІуахынущ «Доминанта» зыфІаща щІынальэ екІуэлІапІэр (офис). Ар дэлэжьэнущ Урысейм и пенсионнэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм, республикэм и министерствэхэмрэ властым и гъэзэщІакІуэ органхэмрэ. АбыкІэ хъыбар ирагъэщІащ зэІущІэм къыщызэхуэсахэм.

Зэхьихьэм и кІэухым ирырагъэхьэлІэри, социальнэ проектыр пхыгъэкІыным жыджэру хэлэжьахьа къулыкъущІэхэм зэгухьэныгъэм и цІэкІэ медалхэмрэ щІыхь тхьилъхэмрэ иратащ.

Ныкъуэдыкъуэхэм я махуэм и щІыхькІэ, КъБР-м Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэм къыбгъэдэкІыу, тыгъэ цІыкІухэр ветеранхэм хуагуэшащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● ЗэІущІэхэр

Хабзэщ1эм и гугъу щащ1ащ

Анэмрэ бынымрэ я зэхуаку дэлъын хуей пщІэр, нэмысыр, гуапагъэр, дахагъэр, гу щабагъэр сабийхэм къагурыгъэІуэнымкІэ школым, егъэджакІуэхэм мыхьэнэшхуэ яІэщ. ШколакІуэхэм ар зэрызыхащІэр зрагъэщІэн мурадкІэ, апхуэдэуи Анэм и махуэри ягъэлапІэу, Налшык къалэ дэт епщІанэ курыт еджапІэм зэпеуэ щрагъэкІуэкІащ. НыбжьыщІэхэм утыку кърахьащ анэхэм папщІэ ягъэхьэзыра лэжьыгъэхэр: къэфащ, усэ къеджащ, уэрэдхэр ягъэзэщІащ.

ХЬЭЩІЭ лъапІэ куэд зыщІэса зэпеуэр къызэзыгъэпэщащи езыгъэкІуэкІари школым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Бетыгъуэн Лианэщ. Ар къызэІуахащ ещанэ классым щеджа Шэру Ибрэхьимрэ Бэдракъ Диссанэрэ ягъэзэща къафэмкІэ. Абыхэм Іэгуауэ ин хуаІэта нэужь, еджакІуэ цІыкІухэу Ташухэ Іэдэмрэ Мухьэмэдрэ жаІащ анэм теухуа адыгэ псалъэжьхэр, псалъэ шэрыуэхэр. КъыкІэлъыкІуэу ныбжьыщІэхэр къеджащ Щоджэнцыкіу Алий, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Къэзан Фатімэ, нэгъуэщІ усакІуэхэми анэр ягъэлъапІэу я къалэмыпэм къыпыкІа усэхэм.

Гухэхъуэу, нэжэгужэу екІуэкІащ Іузхур. Абы и кІэухыу утыку кърашащ нэхъ жыджэру зэпеуэм хэтахэр, абы къыхэжаныкІахэр. Апхуэдэхэт 1 - 4-нэ классхэм ящыщу апэ увыпІэр зыхуагъэфэща Къардэн Дианэ, етІуанэр къэзыхьа Сомгъур Миланэ, ещанэ хъуа Шэру Ибрэхьим. 5 - 10-нэ классхэм ящыщу апэ увыпІэр къихьащ Бэрбэч Саният, етІуанэ увыпІэр хуагъэфащащ Хьэгъэжей Иннэ, ещанэр Ташу Іэдэм иратащ. ШколакІуэхэр къызэджа усэхэм ящыщу дэтхэнэми и гупсысэ нэхъыщхьэу къалъытэ псалъэуха зырыз къыхахат сабийхэм. Ахэр зэхагъэувэжри, анэхэм яхуэгъэза хъуэхъу дахэ къыхащІыкІыжащ цІыкІухэм.

БАКЪ Мадинэ.

⊛ Ди къуэш республикэхэм

Сом меларди 7,5-рэ халъхьэнущ

АДЫГЕЙ. *«Строитель-ЮГ» ООО-м Адыгейм и Тохъутэмыкъуей районым Green Apple хьэблэщІэ щиухуэну и мурадщ.*

А ІУЭХУМ тепсэлъыхьащ республикэм и Іэтащхьэ КъумпІыл Мурат «Строитель-ЮГ» ООО-мрэ «БЭП Девелопмент» компаниемрэ я унафэщІхэу Хайловэ Ириндрэ Комиссаровэ Еленэрэ щахуэзам.

Краснодар пэгъунэгъу Яблоновский посёлкэм гектар 20 щыхухахащ къат куэду зэтет псэупІэ унэ 13, «Фермер сити« сату щаІэ, метр зэбгъуэзнатІэ мин 52-рэ къэзыуфыщ пакъ, сабий садрэ школрэ щаухуэну. Ухуакіуэхэм къаІэн зыщащІ хьэблэр псыкІэ кІыхьэзыгъэпэщ, зыгъэкъабзэ ухуэныгъэхэри ящыну, кІуачэм и уэрам гъэгуэхри зыхуей хуагъэзэну. Хуит зыщІ, проектсметэ тхылъхэр 2018 гъэм гъэхьэзырын щІадзэнущ. Проектым сом меларди 7,5-рэ текІуэдэну къалъытэ.

Адыгейм и Іэтащхьэ КъумпІыл Мурат зэрыжиІамкІэ, а ухуэныгъэхэр зэфІэкІмэ, зыхуей хуэгъэза псэупІэ цІыхухэм яІэнущ, бюджет зэмылІэужьыгъуэхэм яІэрыхьэ налогхэми хэхъуэнущ. Сату щаІэм лэжьапІэ щащІэуэтынущ цІыху миным нэсым, щІыпІэм и фермерхэм я Іуэхур efІэкІуэнущ.

Лондон кІуэнущ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Егъэджэныгъэ программэм хьыхьэу республикэм щекІуэкІа «Ты - предприниматель» Іуэхум ипкъ иткІэ, инвесторхэм я пащхьэ иралъхьащ щІалэгъуалэ проекти 9 икІи абыхэм ящыщу 5-р къыхахащ.***

ЗЭДЭАРЭЗЫУЭ нэхъыфІу къалъытащ Узденовэ Альбинэ игъэхьэзыра «Бинес на аукционах» проектыр, иджы ар Лондон кІуэнущ. ЩІалэгъуалэм я проектхэр дАыгъащ КъШР-м и инвестори 5-м. Абыхэм ахъшэ халъхьэныр наІуэ къыщыхъунур бизнес-жэрдэмхэр нэщІысауэ зэпалъыта нэужьщ. Мы гъэм республикэм щекІуэкІа «Ты - предприниматель» Іузхуэм хэтащ еджакІуэ, студент миным щІигъу. 2017 гъэм ар пхыгъэкІыным сом мелуани 2,6-рэ хухахащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ЖАНАТАЕВ Сэлим:

Президентым къыхилъхьахэр унэгъащІэхэм я дежкІэ дэІэпыкъуэгъушхуэщ

Сабийхэм я сэбэп зыхэлъхэр дэгъэкІынымкІэ лъэпкъ стратегиер зэрагъэзащІэр зэблэзыгъэкІ советым иджыблагъэ Москва щригъэкІуэкІа зэІущІэм къыщыщыпсалъэм Путин Владимир хэІущІыІу ищІащ сабий зиІэ унагъуэхэм защІэгъэкъуэнымкІэ 2018 гъэм и пэщІэдзэм щегъэжьауэ къэралым щалэжьыну Іуэху зыбжанэ.

КЪЭРАЛЫМ и Іэтащхьэм къыхилъхьащ ящэ сабийр къыщалъхуам щегъэжьауэ абы и ныбжьыр зы илъэсрэ ныкъуэрэ хъуху мазэ къэс ахъшэ иратыну. ЕтІуанэ жэрдэмыр зытеухуар сабий етІуанэ зыгъуэта анэхэм зэрадзэлэпыкъу программэр щагъэзэщІэну пІалъэр 2021 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м нэсыху гъэІэпэхъуэнымрэ а ахъшэр къызэрагъэсэбэп щІыкІэм зегъэубгъуным-рэщ. Президентым апхуэдэу утыку кърилъхьащ сабий ещанэ зыгъуэта унагъуэхэм федеральнэ бюджетым къыхэкІыу ират ахъшэм дыщІагъун папщІэ щІыналъэхэм ящэ Іэмалхэм зэрызрагъэубгъур. Къэралым ипотекэ кредитхэмкІэ программэ щхьэхуэ щагъэзэщІэну я мурадщ. Абы къыдэкІуэу сабийхэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ зэрырат щІыкІэмрэ а дэІэпыкъуныгъэм и фІагъымрэ къаІэтынущ.

«Сабий садхэр - сабийхэм» парт программэр ди щІыналъэм зэрыщагъэзащІэм кІэлъыплъыныр зи къалэн, «Урысей зэкъуэт» партым и щІыналъэ къудамэм и секретарым и къуэдзэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим къэралым и Іэтащхьэм къыхилъхьахэм я гугъу щищІым къигъэлъэгъуащ ахэр унэгъащІэхэм я дежкІэ хуабжьу дэІэпыкъуэгъушхуэу зэрыщытынур.

«Сабийхэм я сэбэп зыхэлъхэр дэгъэкІынымкІэ зэзыгъэуІу советым и зэІущІэм Путин Владимир щыжиІахэр хуабжьу сэбэпышхуэ хъунущ ди къэралым щыІэ демографие щытыкІэр егъэфІэкІуэнымкІэ, унэгъащІэхэм защІэгъэкъуэнымкІэ. Президентым къигъэлъэгъуащ сабий етІуанэм папщІэ анэхэм ахъшэ зэрыхухах программэр щагъэзэщІэну пІалъэр ягъэІэпхъуэну, а ахъшэр къызэрагъэсэбэп щІыкІэм зрагъэубгъуну», - къыхигъэщхьэхукІащ Жанатаев Сэлим.

Къэралым и Іэтащхьэм къелъытэ апэ сабийр къыщалъхуам щегъэжьауэ абы и ныбжьыр зы илъэсрэ ныкъуэм нэсыху ахъшэкІэ дэІэпыкъун хуейуэ. Ахъшэр кхабжьнущ сабийр псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейуэ дэтхэнэ щІыналъэми щагъэувам тещІыхьауэ. Ику иту ар 2018 гъэм том 10523-рэ, 2019 гъэм том 10836-рэ, 2020 гъэм том 11143-рэ хъуэ щытынущ. АхъшэкІэ зыдэІэпыкъунур ипэжыпІэкІэ абы хуэныкъуэхэрщ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, зи хэхъуэр лэжьэгъуэ ныбжьым ит цІыхур псэун папщІэ зыхуейуэ Урысей Федерацэм и субъектым щагъэувам хуэдэу зырэ ныкъуэм щІимыгъу къызыІэрыхьэхэрщ.

ПЕЧОНОВ Владилен.

Шынагъуэншагъэм и лабораторэ

ЩІалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ я творчествэмкІэ республикэ уардэунэм дыгъуасэ къыщызэІуахащ гъуэгум щызекІуэ хабзэхэм сабийхэр щыхуагъэсэн «Шынагъуэншагъэм и лабораторэ» егъэджэныгъэ методикэ центрыр.

КЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭЩ мы центрыр Урысейм и Президентым и унафэкІэ къызэгъэпэща зэрыхъуар, мыпхуэдэ Іуэхущ1апІэу зэкІэ къэралым 30 фІэкІа зэримытыр, ди щІыналъэри абы зэрыхэтыр.

ЗэІущІэм кърихьэлІат КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр **Емуз Нинэ**, МВД-м и УГИБДД-м къБР-м щиІэ къудамэм и унафэщІым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **Нэгъуэй Юрий**, Автострахованэмкіэ Урысей зэгухьэныгъэм и президентым и чэнджэщагъэ **Якимов Александр**, Шынагъуэншэу зекІуэныкІэ эксперт центрым и унафэщІ **Мельников Вадим**, КъБР-м Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ **Къудей Арсен**, Сабийм и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу КъБР-м и Іэтащхьэм деж щыІэ **Лъынэ Светланэ**, КъБР-м и Парламентым Законодательствэмкіэ, къэрал ухуэкІэмрэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ и комитетым и унафэщІ **Кривко Михаил**, КъБР-м и Парламентым ПромышленностымкІэ, транспортымкІэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Гугу Владимир**, УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу республикэм щыІэм и унафэщІым и къуэдзэ **ГъуэкІакъуэ Залым**, спортымкІэ министрым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **Хэжь Заур** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Ящэ псалъэ зрата Емуз Нинэ екъуэжьауэ къызэхуэсахэм икІи жиІащ мы Іуэхум илъэс кІуа лъандэрэ зэрелэжьыр.

- Ди щІыналъэм лэжьыгъэшхуэ щокІуэкІ гъуэгум къыщыхъу къэхъукъащІэхэр нэхъ мащІэ щІыным теухуауэ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэтхэнэм и дежи пхунэхьэсырхъым мы Іуэхум мыхьэнэуэ иІэр. Догугъэ нобэ къыззэІутх центрыр сабийхэм я мызакъуэу, балигъхэми сэбэп яхуэхъуну, - жиІащ абы.

Центрыр къызэрызэІуахым и нэщэнэу Автострахованэмкіэ Урысей зэгухьэныгъэм и президентым и чэнджэщэгъу Якимов Александр ІункІыбзэІухьр иритащ Емуз Нинэ.

Адэкіэ хьэщІэхэр ирагъэплъащ уардэунэм и бжэІупэм щыт «Шынагъуэншагъэм и лабораторэ» машинэм. «Шынагъуэншэу зекІуэн» экспертнэ центрым и тренер Стебаков Дмитрий къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ машинэм иІэ щытыкІэм, зэрызэтеухуа щыкІэм, и Іэгуцым илъ хьэпшып дэтхэнэри сабийр ебгъэджэн, бгъэсэн папщІэ къэбгъэсэбэп зэрыхъуну Іэмалхэми тепсэлъыхьащ. Иужькіэ хьэщІэхэр ирагъэблэгъащ «Шынагъуэншагъэм и лабораторэм» хухахауэ цІыкІухэр щеджэну пэщым. ИкъукІэ гъэщІэгъуэну уэздащ пэщ кІуэцІыр, щІэт дэтхэнэ хьэпшыпми сабийр дихьэхыну, фІэгъэщІагъэуэныну апхуэдэщ. Сабийхэр гъуэгум щызекІуэ хабзэхэм, джэгукІэ хьэлэмэтэхэмкІэ зэрыхурагъэджэну Іэмалхэми нэІуасэ хуащІащ къызэхуэсахэр.

Дерс зэІухам щІидзэным и пэ кьихуэу, къызэхуэсахэм, я нэгу зрагъэужь щІыкІэу, кхахуэфащ «Кавказ пшэплъхэр», «Арабеск» къэфакІуэ гупым хэт цІыкІухэр.

Иужькіэ екІуэкІа конференцым щытепсэлъыхьащ авто къалэ цІыкІум и лэжьэкІэ хъунум, сабий садым щІэсхэм я деж къыщыщІэдзауэ, адэ-анэхэри мы Іуэхум къыхашэу зэрадэлэжьэну щІыкІэхэм, гъуэгум щызекІуэ хабзэхэм сабийхэр щыгъэгъуэзэным, апхуэдэуи гъуэгущхьэм псынщІэу щыгупсысэу егъэсэнымкІэ абы мыхьэнэшхуэ зэриІэр, икІи гугъэфІ куэд зэрыхуаІэр къыжаІащ. ЗэІущІэр и кІэщ щынэсым, телевиденэм, радиом, газетхэм, журналхэм къикІа журналистхэм я упщІэхэми жэуап ягъэтащ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Пшыхьхэр

Гупсысэ куу зиІэ тхакІуэ

Тхыдэтх, философ, тхакІуэ Бейтыгъуэн Сэфарбий и ныбжьыр илъэс 75-рэ зэрыриІуэам теуху творческэ пшыхь щекІуэкІащ Налшык дэт Литературэ салоным. Абы хэтащ тхакІуэхэр, усакІуэхэр, Бейтыгъуэным и Іэдакъэщ!экІхэр фІыуэ зылъагъуэхэр, и ныбжьэгъуэхэр, студентхэр.

А ІУЭХУР къыззэшГъэпщ!ар культурологие щ!ынэгъэхэм я кандидат, Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкІэ и институтым и доцент **Щ!ауэцІыкІу Людмилэщ**. Абы пшыхьыр къыщыззэІуихым, Сэфарбий и творчествэм литературэм щ!ыбыд ывыпІэм тепсэлъыхьащ.

- ТхакІуэр тхыгъэ куэд щеджам дже фІыгъуэшхущ, сыт щ!ыхьэкІэ зыпІэмэ, ар и Іэдакъэщ!экІхэм къытощ!ыжри. Сэфарбий цІыху емызэщ, ар лэжьыгъэ фІыуэ зылъагъуэ. Абы и бзаргъ зэхъыщхьэр и гупсысэ купщІафІэхэрщ. Бейтыгъуэным фэрыщІыгъэм зезыгъэхьэм я щ!ыщІхьэм, ар зи Іуэху еплъыкІэ зиІэм, ар жызыІэф тхакІуэщ.

КъыкІэлъыкІуэу къэпсэльащ философие щ!ынэгъэхэм я доктор **Хьурей Феликс**.

- Сэфарбий, гупсысэ щ!эщыгъуэ зи бэ цІыкІуэ. Абы и акъыл жаныр куэдым нос, и дэтхэнэ псалъэри Іущы-гъэкІэ гъэнщ!ащ. Бейтыгъуэным и жьІэгъуэхэр псалъэжьхэм яхуэбгъадзмэ ущыуэнукъым. Гупсысэ куу зыщ!элъ дэтхэнэ и сатырри гъащІэм къыхихащи, абыхэм зыкъыщыбоцІыхужь, уаущий, гъэзугъэльагъуэ пхуохъу, гъащІэр зыхуэдэр къыбгурагъаІуэ. Ар цІыху Іущщ, дунейпсо литературэм, философием щ!ыгъуаззщи, абыхэм я ныкъусаныгъэхэр къегъуэтыф, дэри абыхэм гу лъыдегъащ!э. Ар уасэ зимыІэ лэжьыгъэщ.

КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Беппаев МутІалип** къыщ!ипсалъэм жиІащ и жьІэгъуэхэр нобэр къыздэсым лъэпкым къыдекІуэкІ цІыху Іущ Къзэанокъуэ Жэбагъы ар хуэбгъадзмэ уэрыщ!ымыІуэнур.

Щ!алэгъуалэр ед жьным дегъэхьэхьным илъэс куэд щ!ауэ зэрытелажьм папщІэ Урысейм Тхьылъэр фІыуэ зылъагъуэм я зэгухьэныгъэм къыбгъэдкІ медаль Бейтыгъуэным пшыхьым щратащ.

Сэфарбий и Іэдакъэщ!экІхэр щ!эныгъэ и лъэныкъуэкІэ зэпкърихащ КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІым и къуэдзэ **Тхьэгъэзит Юрий**.

Филологие щ!эныгъэхэм я доктор, Бейтыгъуэным и ныбжьэгъуфІ **БакІуу Хъанджэрий** къыкІэлъыкІуэу псалъэ иратащ.

- Бейтыгъуэн Сэфарбий нэхъыбэу тхакІуэми тхыдэджми сухъжІэныкъым. Ди литературэ гъащІэм увыпІэ щхьэхуэ щ!ыэІэж тхакІуэ зырызхэм ящ!ыщ ар. Сэфарбий гупсысэ гъэщІэгъуэн иІэщ, куэдым я акъыл здынэмысыным лъоІэсыф иКІи зыхещІэ. Дыдзса къызэрыгуэкІ жьІэгъуэзэмрэ я щІагъыбзэкъм гу лъыдегъатэ. ИтІанэ, Мыри гъэщІэгъэнщ, Сэфарбий зэи тхьэусыхэу пльаГъунукъым, сыт щ!ыгъуи а зэрынэщхьыфІэщ. Удэгушы!эну яужь уихьэмэ, шэрыуэу жэуап кІуетыж. Абы литературэм и жанр нэхъ гуГу дыдэм зрипщ!тащ. КъыхэсъщІпхъэщ, ар адыгэбзэми урысыбзэми зэхуэдэу зэрырилажьэри. Сыхуейщ абы и цІэр ди къэралым къыщащ!ыхуну. Иджыри илъэс куэдкІэ лъэпкъым хуэпсэуну сыхуохъуахъуэ, - зыхуигъэзащ абы Сэфарбий.

Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкІэ и институтым и студентхэм я уэрэд, къафэ еКІуэхэмкІэ яГэдэхащ пшыхьыр.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*



Контрактхэр зытхъэмрэ зыгъэзащІэхэмрэ яхь жэуапыр

«Къэралымрэ муниципалитетхэмрэ зыхуейхэмкІэ къызэгъэпэщ!ым хуэгъэзауэ товархэр, лэжьыгъэхэр, Іуэхутхьэбзэхэр къызэращ!эху контракт лэжьэкІэм и Іуэхукіэ» 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м къащта Федеральнэ закон №44-ФЗ-м хабзэ пыухыкІахэр хилъхьащ мы Іуэхум пыщІауэ щыІэ зэхуэщытыкІэхэм. Пэжщ, а документым зэуэ къызэщІиубыдакъым Іуэхум и лъэныкъуэ псори, абы къыхэкІыу щІэх-щІэхыupэ зэхъуэкІынигъэ пыухыкІахэр халъхьэ. Законым гу зылъытапхъэ зэхъуэкІынигъэхэр 2017 гъэми игъуэтащ.

КЪАПЩТЭМЭ, 31-нэ статьям пункт зыбжанэ дыщІагъуэкащ товарэхэр, лэжьыгъэхэр, Іуэхутхьэбзэхэр щ!эныгъэхэм я щхьэхуэмрэ хэтхэм ятеухуауэ иКІи ахэр заказчикым къыщигъэлъэгъуэн хуейщ аукционым теухуа документацэм.

2017 гъэм накъыгъэм и 1-м къащта зэхъуэкІынигъэхэм хиубыдэу 34-нэ статьям дыщІагъуэкащ 13.1-нэ Іыхьэ. Абы ипкъ иткІэ заказчикым и къалэнщ товарыр, лэжьыгъэр, Іуэхутхьэбзэр къыщищ!ауа (щ!ыэфІагъэкІа) махуэм щегъэжьауэ махуэ щ!эщІым къриубыдэм фІэмыкІыу, контрактыр бизнесым и Іэнатіэ мыиным е сатум пымыщІа, социальнэ унэтІынигъэ зиІэ организацэм иращІылІамэ, лэжьэгъуэ махуэ пщ!ыкІутху нэхъыбэ димыгъэкІыу абыхэм я уасэр итын хуейуэ. А пІалъэхэр Къабж лэжьыгъэхэр зэрызэфІагъэкІам Іуэху документым заказчикым Іэ щ!ыщІидза махуэм щегъэжьауэ. Апхуэдэ хабзэр зэрымыгъэзэщІам къыхэкІыу заказчикым и цІэкІэ къэув пхуІыкъущІэм сом мин 30-м щегъэжьауэ сом мин 50-м нэскІэ йотхьэкъу. Къытригъэзэжу апхуэдэ хабзэншагъэ зылэжьам и къулыкъур зы илъэсым щегъэжьауэ илъэситІым нэскІэ игъэзэщІэну хуимыту яГэувыпкІэ хъунущ.

Мы Законым екъэлІа нэгъуэщІ хабзэ мардэ щ!ыхэзыхэзэм зэхъуэкІынигъэ пыухыкІахэр яГуэтащ. Къапщтэмэ, УФ-м и Правительствэм 2017 гъэм накъыгъэм и 15-м къыдигъэкІа унафэ №570-м щ!ыбзыхуащ уху-нигъэм, ухуэнигъэ щхьэхуэхэр щІэрыщІэу зэгъэпщ!ыжыным хиубыдэу подрядчикым нэгъуэщІхэр къымыгъэсбэну езым и щхьэкІэ зэфІигъэкІын хуей лэжьыгъэхэр. А лэжьыгъэхэр зыхуей хуэзэу и зэманым зымыгъэзэщІа Іэнатіэм лэжьыгъэ псоми я уасэхэм я проценти 5 хъу ахъшэкІэ етхьэкъуфынущ.

Контракт лэжьыгъэм теухуа законодательствэм халъхьа зэхъуэкІынигъэхэр къызэрымылъытэм къыхэкІыу заказчикым ихь жэуапыр

Законодательствэм халъхьа зэхъуэкІынигъэхэр къымылъытэу документацэ къэзыщІэ системэ зэгуэтым изылъхьэ къулыкъущІэм административэ тезыру сом мини 3 трилъхъэ апхуэдэ мыхъумыщІагъэ къызэригъэхъуам папщІэ.

Законым и 93-нэ статьям иКІи иткІэ языныкъуэхэм деж заказчикым хуитынигъэ иІэщ сату зэпеуэхэр, конкурсхэр иримыгъэкІуэкІыу подрядчикым контракт ирищІылІэну. Ар дауэ къызэрыгурыІуэнур?

«Къэралымрэ муниципалитетхэмрэ зыхуейхэмкІэ къызэгъэпэщ!ым хуэгъэзауэ товархэр, лэжьыгъэхэр, Іуэхутхьэбзэхэр къызэращ!эху контракт лэжьэкІэм и Іуэхукіэ» 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м къащта Федеральнэ закон №44-ФЗ-м и 24-нэ статьям къызэрыщІыгъэлъэгъуамкІэ, товархэр, лэжьыгъэхэр, Іуэхутхьэбзэхэр къезыщІэнхэр къыщІихиХІэ заказчикым конкурсхэр, аукционхэр, кІинэмыщІ сату зэпеуэхэр къегъэсбэп е подрядчик закъуэм зэгурыІуэныгъэ ирещІылІэри, абы и деж къыщещ!эну.

Зы подрядчик закъуэм и деж къэралымрэ муниципалитетымрэ зыхуеинуэр къызэрыщащэу щІыкІэр

«Къэралымрэ муниципалитетхэмрэ зыхуейхэмкІэ къызэгъэпэщ!ым хуэгъэзауэ товархэр, лэжьыгъэхэр, Іуэхутхьэбзэхэр къызэращ!эху контракт лэжьэкІэм и Іуэхукіэ» 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м къащта Федеральнэ закон №44-ФЗ-м и 24-нэ статьям къызэрыщІыгъэлъэгъуамкІэ, товархэр, лэжьыгъэхэр, Іуэхутхьэбзэхэр къезыщІэнхэр къыщІихиХІэ заказчикым конкурсхэр, аукционхэр, кІинэмыщІ сату зэпеуэхэр къегъэсбэп е подрядчик закъуэм и деж къыщащ!эну.

Законым и 93-нэ статьям и Іыхьэ 1-м къыщІэщІыжащ: «Контракт лэжьыгъэм, Іуэхутхьэбзэр хуагъэхь муниципальнэ районым щ!ыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ и органым е кІалэ округым щ!ыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ и органым. ХъыбарегъащІэм дыщІагъу законым къызэрыщ!эувам тету ятха контрактым и копиемрэ а контрактыр щІагъэхьэзырам и щхьэусыгъуэхэр къыщыгъэлъагъуэ тхыгъэмра.

КонтрактхэмкІэ законодательствэм ипкъ иткІэ бизнесым и Іэнатіэ мыинхэр къызэрагъэсэбэп

Контракт лэжьыгъэм теухуа законым и 30-нэ статьям и Іыхьэ 1-м къегъэув заказчикхэм а статья дыдэм и 5-нэ Іыхьэм щ!ыбзыхуа Іуэхухэр къалъытэн хуейуэ. Абы къикІыр илъэсым къриубыдэу къащхун хуей товархэм, лэжьыгъэхэм, Іуэхутхьэбзэхэм я уасэ псоми я процент пщ!ыкІутхум нэхъ мы-нэхъ мащІэр хьэрычэт Іуэхущ!апІэ мыинхэмрэ сатум пымыщІа, социальнэ унэтІынигъэ зиІэ организацэхэм я лъагъэсын хуейуэ.

Хьэрычэт Іэнатіэ мыинхэмрэ сатум пымыщІа, социальнэ унэтІынигъэ зиІэ организацэхэмрэ я деж къыщащэхуахэм ятеухуа отчётым заказчикхэм хэІущІыну щащІ пІалъэр

«Къэралымрэ муниципалитетхэмрэ зыхуейхэмкІэ къызэгъэпэщ!ым хуэгъэзауэ товархэр, лэжьыгъэхэр, Іуэхутхьэбзэхэр къызэращ!ауэ контракт лэжьэкІэм и Іуэхукіэ» 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м къащта Федеральнэ закон №44-ФЗ-м и 30-нэ статьям и Іыхьэ 4-м къызэрыщІэлъэгъуамкІэ, заказчикым и къалэнщ хьэрычэт Іуэхущ!апІэ мыинхэмрэ сатум пымыщІа, социальнэ унэтІынигъэ зиІэ организацэхэмрэ я деж илъэсым къриубыдэу зыхуэдизым теухуа отчётыр отчёт щата илъэсым къыкІэлъыкІуэ гъэм и мэлыжьыхьым и 1-м фІэмыкІыу игъэхъэзырыну иКІи ар хъыбарегъащІэ системэ зэгуэтым ирилъхьэну.

Контракт лэжьыгъэм теухуа законым и 30-нэ статьям къигъэувкэр зэрамыгъэзащІэм

Контракт лэжьыгъэм теухуа законым и 30-нэ статьям и Іыхьэ 1-м къигъэувкэр зымыгъэзащІэхэр УФ-м Административнэ къуаншагъэхэмкІэ и кодексым и 7.30-нэ статьям и Іыхьэ 11-м тету жэуапым ирашалІэ. Урысей Федерацэм контракт лэжьыгъэм теухуа и законодательствэм къигъувкэр зэрамыгъэзэщІам иКІи бизнесым и Іэнатіэ мыинхэм, сатум пымыщІа, социальнэ унэтІынигъэ зиІэ организацэхэм я деж къэралыр, муниципалитетхэр зыхуэныкъуэхэм папщІэ товархэр, лэжьыгъэхэр, Іуэхутхьэбзэхэр законым щ!ыбзыхуам нэхъ нэхъ мащІэ фІэкІа къызэрыщ!ащ!ыжам къыхэкІыу абыхэм сом мин 50-кІэ йотхьэкъу. Апхуэдэу хьэрычэт Іэнатіэ мыинхэмрэ сатум пымыщІа, социальнэ унэтІынигъэ зиІэ организацэхэм контрактхэр ещ!ыІэнымкІэ яГэува пІалъэхэр къыщІэлъэгъуа сом мин 15-кІэ йотхьэкъу.

ГАЕВ Рэмзэан,
Федеральнэ антимонополнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм товархэр, лэжьыгъэхэр, Іуэхутхьэбзэхэр хэщ!ахуныкІэ и къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ.

● Шэджэм щ!ыналъэ

Хьэблэщ!Іэ

Шэджэм къалэм хыхьэ «Долина Кавказа» хьэблэщІэр ухуэн яух.

МЫ ЗЭМАНЫМ фэтэрхэм я Іуплъапіэхэр, унэ бжьІупэхэр яГэдахэ, бжэхэр, щхьэгъубжэхэр халъхьэ. Ухуакіуэхэр яужь итщ газ зриКІуэ бжьамийхэр щ!ыпІэм ирашалІэу, фэтэрхэм газосчётчикхэр щыгъэувыным.

Унэхэм къызыхуэтынщэу щ!эзэфІагъэхьащ токымрэ псымрэ щІэзэшныем теухуа лэжьыгъэр, фэтэрхэм я кІуэцІкэр еКІуу зэрахьащ. Лъэгуэр, плиткэхэр, къызэрагъэплъ Іэмэпсымэхэр щхьэж зэрыхуейуэ нигъэсыжынущ. Европей мардэхэм тету лэжьыгъэр зэрызэфІахар а хьэблэр псэупІэ зыхуэхъуныхэм я Іуэхухэр къащ!ызыгъэпсынщ!энщ. «Лъэпщ» ООО-м и ухуакіуэхэм жьІпІэ хъунущ хьэблэ дахэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● ФщІэн папщІэ

Лаврешин Юрий цІыхухэм яІущІэнущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуроры и къуэдзэ Лаврешин Юрий 2017 гъэм дыгъэгъазэм и 8-м Аруан прокуратурэм цІыхухэм щахуэзэнущ сыхьэт 11-м щ!ыщІэдзауэ 13-м нэсыху. Прокуратурэм и хэщІапІэр: КъБР, Нарткалэ, Къэбэрдей уэрам, 68.

КъБР-м и прокуратурэ.

Я Іыхьлыхэр къалъыхъуэ

● Гу зылъытапхъэ

«Студентхэм - Кърым республикэм и волонтёрхэм Хэкум и хъумакІуэ зэкІуэдахэм я фэеплъыр мыкІуэдыжьын ящІ» проектым хыхьэу, «Ветеранхэм я Урысей зэгухьэныгъэ» Урысейпсо жылагъуэ организацэм и Кърым щ!ыналъэ къудамэм 1941 - 1944 гъэхэм Кърым республикэм и Бахъшысэрей, и Ленин районхэм щ!ыхэкІуэда зауэлІ 2520-р зыщІалъхьа щ!ыпІэхэр игъэбелджылащ. Абы ипкъ иткІэ, хэкІуэда зауэлІхэм я Іыхьлыхэр къалъыхьуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м дэзм щраджахэм ящ!ыщу Кърымым щ!ыхэкІуэда зауэлІхэм я Іыхьлыхэр щ!ыхэкІуэда зауэлІ 8(8662) 77-83-35 телефонымкІэ фыщІэгъуэзэмэ, я Іыхьлыхэр фыщІэхуымэ, 8(8662) 77-83-35 телефонымкІэ фыщІэпльэну къывольэІу.

Хэкіуэдахэм ятеухуа хъыбархэр проектым и къызэрэзэпэщ!акІуэхэм иратынурэ, абыхэм я Іыхьлыхэм ящІэлъхьэнущ.

Хэкіуэда зауэлІу, «ямыщІыху сэлэткІэ» зэджэу Кърым республикэм и Ленин районым и щІыналъэм щ!ыщІалъхьауэ зи щІэ-унэщІэхэр къагъэтыжахэр (Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м дэзм щраджахэр).

№	И цІэр, унэцІэр, адэцІэр	Къыщалъхуа гъэр	Дэзм щраджа махуэмрэ здраша щ!ыпІэмрэ	И званиер	И Іыхьлыхэр	Щ!ыщІалъхьащ!ыпІэр
1.	Антоненкэ Василий Алексей и къуэр	1924	Май район, Александровскэ станицэ, 1944 гъэм гъатхэпэм и 11-м	сэлэт	И адэр - Антоненкэ Дмитрий Василий и къуэр	Юркинэ къуажэм
2.	Ягодзинский Алексей Афанасий и къуэр	1907	Дзэлыкъуэ район, Зольскэ къуажэ, 1944 гъэм щ!ышылэм и 10-м	Гвардием и сэлэт	И щхьэгъусэр - Ягодзинская Надеждэ Емельян и къуэр	Юркинэ къуажэм
3.	Никитенкэ Мефодий Павел и къуэр	1919	Налшык къалэ, Шэджэм уэрам, 37-нэ унэ, 1944 гъэм щ!ышылэм и 17-м	Гвардием и сержант нэхъыжьэ	И щхьэгъусэр - Никитенкэ Фение Яков и къуэр	Юркинэ къуажэм
4.	Даур Амырхан Сэкъал и къуэр	1924	Май район, 1944 гъэм щ!ышылэм и 14-м	Гвардием и старшина	И адэр - Даур Сэкъал Мыхуэ и къуэр	Юркинэ къуажэм
5.	Морозов Владимир Николай и къуэр	1925	Май район, 1944 гъэм щ!ышылэм и 1-м	Гвардием и сэлэт	И анэр - Морозовэ Агафье Терентий и пхъур	Юркинэ къуажэм
6.	КІэрэш Хьэсболэт Уэсрей и къуэр	1903	Курп район, Курп Ищхъэрэ къуажэ, 1944 гъэм щ!ышылэм и 21-м	Сэлэт	И щхьэгъусэр - Думэсарэ Пылэ и пхъур	Юркинэ къуажэм
7.	Чып Мусэбий Мэшыкъуэ и къуэр	1916	Дзэлыкъуэ район, 1944 гъэм дыгъэгъазэм и 5-м	Сержант	И къуэшыр - Чып Амурбий Мэшыкъуэ и къуэр	Юркинэ къуажэм
8.	Гумиров Сабир Сидор и къуэр	1906	Тэрч район, Мэртэсей станц (Муртави станц), 1942 гъэм гъатхэпэм и 18-м	Лейтенант нэхъыщІэ	И щхьэгъусэр - Гумировэ Фроптовой къуажэм	Фроптовой къуажэм
9.	Къудей Къарэтин ТІытІу и къуэр	1908	Тэрч район, 1942 гъэм гъатхэпэм и 13-м	Лейтенант нэхъыщІэ	И щхьэгъусэр - Къудей К.	Фроптовой къуажэм
10.	Суслин Николай Николай и къуэр	1921	Налшык къалэ, Горькэм и цІэр зезыхьэ уэрам, 1942 гъэм мазаем и 8-м	Лейтенант	И щхьэгъусэр - Суслинэ Варварэ Георгий и пхъур	Фроптовой къуажэм
11.	Мащенкэ Владимир Даниил и къуэр	-	Налшык къалэ, Пушкиным и цІэр зезыхьэ уэрам, 54-нэ унэ, 1942 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м	Сэлэт	И адэр - Мащенкэ Даниил Семён и къуэр	Птичнэ къуажэ

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 7, *махуэку*

♦ЦІыхухэр къызэрыращэкІ авиацэм и дунейпсо махуэщ. 1944 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м Чикагэ (США) Іэ щ!ытрадзащ ц!ыхухэр къызэрыращэкІ къуэхьлъатэхэм я лэжьэкІэр зыубзыкъу конвенцэм.

♦Урысейм и Дзэ-Хъэрш Къарухэм я инженер-авиацэ къулыкъум и лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦Къэрал Эрмитажыр къыщІызэрагъэпэща махуэщ. 1764 гъэм Урысейм и пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтІуанэм БельгИем, Голландием щ!ыщ сурэтыщІ зыбжанэм я Іэдакъэщ!экІхэр къишэхуащ. Аращ дуней псом щ!ыщІорыІуэ, УФ-м и лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэ нэхъыщхьэхэм хабжэ музейм лъабжьэ хуэхъуар.

♦Армением щІыр щ!ыщхьэрем хэкІуэдахэм я фэеплъ махуэщ. 1988 гъэм дыгъэгъазэм и 7 пщэдджыжьым щІыр балибгъу и лъэщагъуэ щ!ыхьеящ Армением и ищхъэрэ щІынальэм. А къэхъукъащІэ щынагъуэм хэкІуэдащ ц!ыху мин 25-м щІигъу, мин 19-м нэблагъэ ныкъуэдыкъуэ хъущ, псэупІэншэу къэнауэ щ!ытащ ц!ыху мин 530-рэ. Щ!ым щ!ыщ хъуат Спитак къалэмрэ хуажэ 58-рэ, жьлъэ 300-м щІигъум зэрынышхуэ хуэхъуат щ!ыхьэйр.

♦1725 гъэм Петербург щ!ызэхтащ Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и Академием и япэ зэхьыхэр.

♦1732 гъэм Лондон къыщ!ызэІуахащ Пащтыхьым и театрыр.

♦1877 гъэм США-м щ!ыщ къэхутакІуэ, хьэрычэтыщІэ Эдисон Томас къигупсыса граммофоным и зэфІэкІыр игъэльэгъащ.

♦1934 гъэм Киров, Омск, Оренбург областхэмрэ Красноярск краймрэ къызэрагъэпэщащ.

♦1941 гъэм Япониер США-м и дзэ-тенджыз флотым и базэ нэхъыщхьэхэм я хэщІапІэ Пёрл-Харбор къхъуэ тедзапІэм теуащ, апхуэдэ щ!ыкІэкІи Америкэр ЕтІуанэ дунейпсо зауэм хьыхэн хуей хъуащ.

♦1958 гъэм РСФСР-м и тхакІуэхэм я япэ съездыр къызэІуахащ.

♦1976 гъэм Тулэ «Къалэ-лІыхъужь» ц!эр фащащ.

♦1994 гъэм Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и Конституцэр къащтащ.

♦Парт, къэрал къулыкъущІэу, СССР-м щэнхабзэмкІэ и министру щ!ыта **Фурцевэ Екатеринэ** къызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Совет актёр щ!эрыІуэ, РСФСР-м и цІыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Вельяминов Пётр** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Урысей музыкант, уэрэджьІакІуэ, актёр, УФ-м щ!ыхь зиІэ и артист **Мазаев Сергей** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щ!ытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щ!ыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 2, жэщым щ!ыІэр градуси 3 - 2 щ!ыхьнущ.

Дыгъэгъазэм и 8, *мэрем*

♦Сурэтыщ!ым и дунейпсо махуэщ. Ар къыхъыхьа Іуэху 2007 гъэм къыхилъхьауэ щ!ытащ «Дунейм щ!ипсэу лъэпкъэхэм я гъуазджэ» дунейпсо зэгъэхьэнгъэм.

♦Урысей казначействэр къыщ!ызэрагъэпэща махуэщ. 1992 гъэм УФ-м и Президент Ельцин Борис Іэ щ!идзащ «Федеральнэ казначействэм теухуауэ» законым.

♦Узбекистан Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - я Конституцэм и махуэщ

♦Къыргъызстаным и радиомрэ телевиденэмрэ я лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦Болгарием щагъэлъапІэ студентым и махуэр

♦1832 гъэм къызэрагъэпэщащ Урысейм Іэщхьэ Зэщ!ауэзда и Къарухэм я Штаб нэхъыщхьэм и Дзэ академиер.

♦1955 гъэм Европэм и Совет-тым и Парламентым а зэгухьэныгъэм и ныпыр къыщтащ. Иджыпсту ар Европоюзым и ныпщ.

♦1980 гъэм рок-музыкант, уэрэджьІакІуэ щ!эрыІуэ, композитор, усакІуэ, художник, «Битлз» гупым (Инджылыз) и къызэрэпэщ!ащ!ыу иКІи и пашэ Леннон Джон Нью-Йорк щ!ащІащ.

♦1991 гъэм Белоруссием щ!ыщ Вискули щ!ыпІэм деж РСФСР-м и Президент Ельцин Борис, Украинэм и президент Кравчук Леонид, Беларусь Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщІ Шушкевич Станислав сымэ Іэ щ!ыщІадзащ СССР-р зэрыщ!ымыІэжьам, Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэгуэхьынэгъэ (СНГ) къызэрызэрагъэпэщ!ым теухуа зэгурыІуэныгъэм.

♦Уэрэджьі**а**кІуэ, УФ-м щ!ыхь зиІэ и артистка **Щэрий Иринэ** къыщ!ахуа махуэщ.

♦Совет актрисэ, РСФСР-м щ!ыхь зиІэ и артистка **Румяновэ Кларэ** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Киномрэ театрымрэ я актёр щ!эрыІуэ, Урысейм и щ!ыхубэ артист **Борисов Лев** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦СССР-м и УФ-ми я щ!ыхубэ артистка, УФ-м и Къэрал саугъэтыр пІІэнэйрэ зыхуагъэфэща **Фрейндлих Алисэ** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Урысейм и щ!ыхубэ артист **Стеблов Евгений** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦США-м щ!ыщ, дуней псом щ!ыщІэрыІуэ актрисэ, «Оскар» саугъэтыр зрата **Бэсинджер Ким** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Сириием щ!ыщ адыгэ кинорежиссёр, Японием, Иракым, Иорданием щекІуэкІа кинофестивалхэм щ!ытекІуа **Анзор Нэждэт** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Шыд Андемыркъан** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, УФ-м щ!ыхь зиІэ и артистка **Голуб Марина** къызэралъхурэ илъэс 60 ирокъу.

♦АР-м и щ!ыхубэ сурэтыщІ **Еутых Іэсият** къыщ!алъхуа махуэщ.

Дунейм и щ!ытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэс къыщ!есынущ. Щ!ыІэр махуэм 1 градус, жэщым градуси 2 - 1 щ!ыхьнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущ!ыгъэ:

Емынэр зигу, жьэгум дэмыкІ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Стратегие къэхутэныгъэхэмкІэ центрым и Іэтащхьэ Кудрин Алексей аргуэру къэхелъхьэ цІыхур пенсэ щагъакІуэ ныбжьым хагъэхъуэн хуейуэ. Абы и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, апхуэдэу ямыщІмэ, пенсэхэм якІэрыхуунущ.

- Мы зэманым цІыхум ику иту иратыр пенсэм кІуэн и пэкІэ къилэжьу щытам и процент 34-рщ. Дунейм къыщалъытэ ар процент 40 и кІэ хэмыхуэн хуейуэ. Аращи, пенсэм укІуэным къикІыр уи гъашІэр хуэдищкІэ екІэкІуэнырщ. Ауэ ныбжьыр дымыгъэкІуатэмэ, дэ ари тхуэзэфІэкІыжынукъым - тхуэтыфынур и лэжьапщІэм и процент 20 - 27-рщ, - жиІащ Кудриным иджыблагъэ.

Мытьку

Къулейуэ щыта тхьэмыщкІэхэмрэ зи Іуэху дэкІхэмрэ

Нэгъуэщі къэралхэм къыщыдэкІ газетхэм 1996 гъэм къытрадзауэ щытащ Березовский Борис и интервью. Абы щыгъуэм апэ ящыдгъуэ щытащ «семибанкирщинэ» псалъэр икІи кърибжэкІат УФ-м и экономикэм и нэхъыбапІэр зыІэрыхьа олигархэм я цІэхэр. Арщхьэкіэ, илъэс 20 дэкІа иужькІэ а псоми я Іуэху зыхуэкІуар зэщхькъым.

Факъырэу лІахэщ

Езы **Березовский Борис** 1999 - 2000 гъэхэм екІэкІа хэхьиныгъэхэм яужькІэ, къемыхъулІами политикэ хьэгъэщагъэхэр зэрызэрихьами, къыхэкІыу хьэІупс ящІащ. Олигархэр ягъэкъуэнщащ гъэпцІагъэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэхищІыхьауэ, властыр иубыдыну хущІэкъуауэ. 2003 гъэм и фокІадэм къыщыщІэдзауэ Березовскэр «политикэ щхьэусыгъэхэр щІэпхъуэжа цІыхуу» Инджылызым щыпсэуащ. 2009 гъэм УФ-м щекІуэкІа судым ар къуанщэу къыльытащ «ЛогоВАЗ»-мрэ «АвтоВАЗ»-мрэ сом мелуани 140-рэ яфІидыгъуауэ икІи илъэс 13-кІэ лъэхъуэщым исын хуейуэ трилъхьащ.

2008 гъэм Березовскэм доллар мелард 1,3-рэ иІэу ящалъытэрт. Арщхьэкіэ, суд зыбжанэм яужькІэ (и лэжьэгъуэ щытахэм енькъуэкъуащ) абы и мылькур псынщІэу жэщІу хуежьащ. Олигархым езым и дэІэпыкъуэгъуэхэри и щхьэхъуэмэхэри лэжьапІэ Іуигъэкіащ, унэ зыбжанэ ищащ. Абы и щхьэгъуэсу щытам 2011 гъэм судкІэ триудащ фунт стерлинг мелуан 220-рэ. Зэгуэр Урысейм и цІыху нэхъ къулей дыдэу къекІуэкІар 2013 гъэм гъатхэпэм и 23-м Лондон щылІащ ипэжыпІэкІэ факъырэу - щыІуэху къытенахэр фунт мелуан 309-м нэсыпт. ЗэрыкІуэдыкІар иджыри къэс белджылыкъым, арщхьэкІэ зиуКІыжауэ хуаГъэфащэ. Иджыблагъэ Интернетым иралъхьащ Березовскэм и кхъащхьэм траха сурэт - ар фэншэщ икІи зыми зэрихьэркъым.

«Инкомбанк»-р къыззыгъэпэща **Виноградов Владимир** пэжьэн щыщІидзащ СССР-м и «Промстройбанк»-м. 1992 гъэм ар УФ-м и Президентым и деж Хьэрычэтыщ1э лэжьыгъэмкІэ щыІэ советым хэтащ, къэралым и финансист нэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщт. Арщхьэкіэ 1998 гъэм къэхуа кризисым и ужькІэ абы и банкыр лъэлъащ. Виноградовым инфаркти инсульт зыбжани иІащ. Зэрыжаізмкіэ, абы и унагъуэр пэшитІ хьу фэтэрым Іэпхъуэн хуей хъущ. И къуэр иригъэджкІэм щІтын ахъшэ иІэжтэкъым. 2000 гъэхэм я пэщІдзэм Виноградовым лизинг компание зыбжанэ къызэІуихащ, арщхьэкІэ и Іуэху къикІакъым. 2008 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м Москва щылІащ инсульт къеуэлІа иужькІэ. И ныбжьыр илъэс 52-м щІигъуатэкъым. ЩІалъхьэнм тхьэуда ахъшэр зэхуэзыхьэсар Инкомбанкым и лэжьакІуэу щытахэрщ.

НэгъуэщІ къэралхэр зи хэщІапІэ

«ЮКОС»-р зейуэ щыта **Ходорковский Михаил** и къекІуэкІыкІам псори щыгъуэзэщ: ягъэтІысащ, и суд тІэу ящІащ, гъэпцІагъэ Іуэхуэхэр зэрызэрихьамкІэ, налогхэм зэрызапЫуидзамкІэ ягъэкъуанщэу. ЯгъэтІысри, пІалъэ кІыхькІэ щысащ. 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м Ходорковский Михаил къауТІыпщыкри, а махуэ дыдэм Берлин Іэпхъуащ. ШвейцариемкІэ щыпсэуну иужькІэ хуит ящІащ. Мы зэманым Ходорковскэм Женевэ щІыпІэ компание зыбжанэ. «Форбс» журналым хуегъэфащэ абы доллар мелард 600 хуэдиз бгъэдэлъу. Лондон щыпсэу хуэдэу ягъэхьыбар. 2014 гъэм фокІадэм и 20-м жиІауэ щытащ УФ-м и Президенту зыхригъэхьну хуейуэ. ИужькІэ игъэІуащ оппозицэм ахъшэкІэ дэІэпыкъуну.

Гусинский Владимир «МОСТ-Банк»-р Іэщ1элъащ, арщхьэкІэ цІэрыІуэ зэрыхъуар НТВ-р къыззрызэригъэпэщарщ. ГъэпцІагъэ зэрихьауэ ягъэкъуанщэри, 2000 гъэм и мэкъуауэгъуэм ар Бутырскэм махуищкІэ щалыгъащ. ИужькІэ Іэпхъуэну хуимыту къаутІыпщыжащ. Арщхьэкіэ нэгъуэщІ къэрал къыщыхутащ. Гусинскэр Урысейм и мызакъуэу Израилм и цІыхут. 2007 гъэм Испаниеми и цІыху хъуащ, 1492 гъэм а къэралым кърахуа журтхэм къатепщыкІауэ зыкъыщІригъэдзри. Гусинскэм иджыри мылъку щиІэщ Урысейм.

«Российский кредит» банкымрэ «Импекс» банкымрэ кьыззызыгъэпэща **Малкин Виталий** и мылъкур апхуэдэу хуабжу Іисрай хъуащ 1998 гъэм. 2000 гъэхэм я пэщІдзэм Малкинрэ политикэм щхьэуліащ икІи 2013 гъэм и гъатхэпэр къэсыху Бурятием и щІэкІэ Федерацэмкіэ Советым хэтащ. «Форбс» журналым зэритхымкІэ, 2012 гъэм и пэщІдзэм абы и мылъкур доллар мелуан 600-м щІигъурт.

Илъэс куэдкІэ Малкиныр сенатор нэхъ къулей дыдэу къалъытэу щытащ. Арщхьэкіэ и мылькур зыхуэдизыр тэмэму кьызэримыгъэлъэгъуамкІэ ягъэхьаншэри, псоми къыпыжащ. Мы зэманым Малкиныр нэгъуэщІ къэрал щопсэу.

Нэхъапэми хуэдэу, ехъулІэ зэпытщ

Потанин Владимир 90 гъэхэм къежьа олигархэхэм я нэхъ лъэщ дыдэхэм иджыри ящьІащ. Зэгуэр абы «ОНЭКСИМ-банк»-р къызэригъэпэщащ, иужькІэ «Норильск никель» компаниер зыІэригъэхьащ. Мы зэманым «Интерросс» холдингыр зэрехь. 2015 гъэм УФ-м и цІыху нэхъ къулей дыдэу щытащ. Арщхьэкіэ 2017 гъэм иубыдар еянэ увыпІэрщ. Иужь зэманым Потанинм и хьыбар щІагъуэ къэлужьркъым: и щхьэгъусэм бгъэдэкІыжащ, и бынэм я Іыхьэ яританми. Абы и мурадщ езым и мылькур псапащІэ Іуэхухэм тригъэкІуэдэну.

Фридман Михаил и «Альфа-банк»-р 1998 гъэм щыІа кризисым къелащ, абы и ТНК щыдагъэ компаниер ВР-м хьыкащ. Арщхьэкіэ мелардыбжэм и Іэхуэхэр иджыри фІыщ. Ар УФ-мрэ Израиlimрэ я цІыхущ, Лондон, иужькІэ США-м щыпсэуащ. Доллар мелардищым нэблагъэ американ медицинэм инвестицэу хелъхьэ, жеІэ «и ахъшэ псори Урысейм щимыІыгъыфыну - дахьхьщІыгъуэджащ». Ахпуэдэу щыт пэтми, и мылъкум и зэхуэдитІыр Урысейм щыІэщ.

ГъэщІэгъуэнщ 90 гъэхэм къэунэхуа олигархэм ящыщ **Смоленский Александр** и къекІуэкІыкІари. «Столичный» банкыр кьыззызыгъэпэщар хабзэм япэу жьэхэуащ 1993 гъэм. Абы щыгъуэм Прокуратурэ Нэхъыщхьэм олигархым хуэгъэзауэ уголовнэ ІуэхуитІ зэуэ кьызэІуихауэ щытащ. Арщхьэкіэ иужькІэ тІури зэхуащІыжри, Лъэпкъэм я Зэныбжьэгъугъэ орденыр иратащ. 1998 гъэм щыІа кризисым Смоленскэр хуабжу хилъэфауэ щытащ. А зэманым прокурор нэхъыщхьэу щыта Скуратов Юрий жиІат Смоленскэр ягъэтІысыну унафэ ищІауэ. Банкиныр Австриеми къэхуащ, илъэс ныкъуэкІэ къэтащ. ИужькІэ Скуратовым зэпхигъэІуКІащ, хэхьиныгъэхэм я зэманым Ельциным ахъшэкІэ зэрыдзІыпыкъуам кьыжьІыу, Смоленскэм и Іуэхур игъэувыІэну властхэм ирахуІауэ. 2006 гъэм и гъатхэпэм Франджым унэ кьыщищэхуащ, арщхьэкІэ нэхъыбэу щыпсэур Москвадж.

БОРОВЭ Екатеринэ.
«Аргументы и факты»

● Пенсэхэр

Нэхъ кІасэу

Къэгъэлъэгъуапхъэщ СССР-у щытам кьыстепщІыкІыжа къэрал псоми пенсэ ныбжьым зэрыщыхагъэхъуар, Урысейм Узбекистанымрэ къыщынэмыщІауэ.

- Пенсэ щагъакІуэ ныбжьым хэгъэхъуэныр Іэмалынышагъэ къызэрыгъэкІ къудейкъым. Ар епхащ гъащІэр нэхъ кІыхь зэрызыхуам, цІыхур щыпэжьэфыну зэманым илъэси 10 хуэдиз къызэрызехьуэм. Иджы илъэс 60 зи ныбжь цІыхур нэхъапэм илъэс 50-м итыр лъэрызехьу зэрыщытам хуэдэщ. НыбжькІэ сэ схуэдэ хуейщ (Кудрин илъэс 57-рэ мэхъу - **Ред.**) ягу ирихьхъуам «жьыгъэ-тІэ пенсэ» псалъэхэр. Ар жьыгъэ-тІэ?! - фІэтелъыдджэщ министру щытам.

Правительствэм идэркъым

Правительствэм щытепсэлъыхьыркъым я лэжьэгъуу щытам и псалъэхэм. Ауэ къоув пенсэ ныбжьым хэгъэхъуэныр ямыдэу. Тегъащ1апІэ нэхъыщхьэри мыращ: пенсэ Іэнатіэр апхуэдэу зэтеухуащи, дэтхэнэми игъэкІуатэ хъунущ пенсэ щыкІуэну зэманыр. Абы и фІыгъэкІи коэффициент лей хуэхъу. ПФР-м и Іэтащхьэ Дроздов Антон иджыблагъэ зэрыжиІащи, илъэс 60 ныбжьым нэса цІыху мини 100 хуэдизым илъэс кьэс пенсэ щыхьэкІэ къэралым зыхуаГъазэркъым.

Арщхьэкіэ гугъуехьхэр кьызыхэкІыр демографие щытыкІэр зэрызэІыхьэрщ. ДызыхуэкІуэ илъэси 5 - 10-м лэжьакІуэхэр нэхъ мащІэ хъунурэ пенсионерхэм я бжьгъэм хэхъуэнущ. 2030 гъэм ирихьлІэу зы лэжьакІуэ цІыхум зы пенсионер хуэзэнкІэ хъунущ.

- Дэ хуэм-хуэмурэ пенсэ ныбжьым хэдгъэхъуэн икІи кьыдэхуар жьы хъуахэм - илъэс 70 - 80-м нэсэхэм - яхуэдэтІыпщын хуейщ, - жеІэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ финанс институтым и Іэтащхьэ Назаров Владимир. - Тэмэм хуэит лажьэхэмэ зи улахуэр мыцІыкІуэхэмрэ яхуэзэ ахъшэр щытыкІэ гугъум кьихуэхэм трагуэшэныр.

Бжьыгъэхэм я гугъу пщІымэ, Кудриным кьыхелъхьэ цІыхухъуэхэми цІыхубзхэми я деж пенсэ ныбжьыр илъэс 63-м щынагъэсыну - илъэс кьэс мази 3-6-кІэ кьаІэтурэ

«Дэ ахъшэ диІэщ!»

Урысейм и Пенсэ фондым щадакъым Кудриным и псалъэхэр.

«Пенсэ фондым пенсионер, социальнэ ахъшэ зрат псоми быдзу яжреІэ ПФР-м и чэзум икІи кІэрымыкуу пенсэ лІэужьыгъуэ псори зэритынур. Пенсэхэм илъэс кьэс хэхъуэну кьудейщ. ПенсэкІэ я пщэ далъхьэжа кьаІэн псори финансхэмкІэ щІэгъэбыдащ. ПФР-м и бюджетыр зэпэщэчащ», - къыщыгъэлъэгъуащ фондым и пресс-Іуэхущ1апІэм кІэта хъыбарым.

Арщхьэкіэ ПФР-м и хэщІхэр и хэхъуэхэм нэхъ мы зэманым сом триллиони 3 хуэдизкІэ нэхьыбэщ. ЗыхуущІыр бюджетым кьыхокІ.

Кьэралым нэхъ мащІэ щохъу лэжьакІуэхэр. Апхуэдэу щыщІткІэ, ахъшэу кьыхахри нэхъ мащІэщ. НэгъуэщІ зы лэныкъуэкІэ убгъэдыкъэмэ, бизнес щохъу утыку кьрашэну хущІокъу. Абы ахъшэм хигъэхъуэнущ. Сыт хуэдэу щымытми, кьэралым и экономикэм и иджырей щытыкІэм пенсэхэр и чэзум ятыныр кьыззригъэпэщыфми, абыхэм хэпщІыкІыу хигъэхъуэн хуэзфІэкІынукъым.

БЕЛЯКОВ Евгений.
«Комсомольская правда»

● Къалэ телъыджэхэр

Кейптаун Ищэ Африкэ Республикэм (ЮАР) цІыху бжьыгъэу щыпсэур зыхуэдизымкІэ и етІуанэ къалэщ (Йоханнесбург и ужькІэ). Ар икІи Къухьапіэ-Кап провинцэм и щыхьэрщ. Мыбы щыІэщ ЮАР-м и парламентыр, правительствэ Іуэхущ1апІэ куэд. Езым и телІъэкІэ нэхъыбэу зэщхьыр зэщІэщ, ресторан, тыкуэнхэр хъушэу здэщыІэ европей къалэщ. Мыбы къаКІуэхэм псом хуэмыдэу яфІэтелъыджэр гъуэгу Іуфэхэм хуиту къыщызыщыщіхь номин цІыкІуэхрщ.

Тхыдэм кьызэрыхэщымкІэ, мы щІыпІэм цІыхуэхэр къыщыхутащ илъэс мин 12 ипэкІэ. Арщхьэкіэ, а зэманым теухуауэ ящІэр мащІэ дыдэщ. Мыбы щыпсэухэр Европэм икІахэм ялэу щахуэзар 1652 гъэрщ, Рибек Ван Ян и экспедицэр хуі псы1ум кьыІухьа иужькІэщ. Абы и унафэм щІэту зэфІагъэуващ къалэри.

Пэжщ, зэгуэр щыхьэру щытар яухуэным зэман кІыхь текІуэдащ, арщхьэкІэ Голландием икІахэм Іуэхур щІагъэпсынщащ, Индонезиемрэ Мадагаскарымрэ пщылІхэр ирашурэ. Кейптаун щыпсэухэм ящыщ куэдыр муслъымэщ, Малайзиемрэ Индонезиемрэ и1эпхъуКІахэрщ. 1795 гъэм Инджылызым и дзэхэм къаІэр яубыдауэ щытащ, иужькІэ къыІэщІагъэкІыжащ. 1814 гъэм аргуэру Британием щыщ Іыхьэ хъужащ. Езы ЮАР-ми хуэдэу, мыбы расэ зэхэгъэжьынигъэр тКІиІуэ щыІащ. 1994 гъэм а хабзэр ягъэкІуэдыжащ, щхьэхуэ хъуа езы къэралми хуабжьу зиужьу хуежьащ. Мы зэманым Кейптаун Африкэм и мызакъуэу, дуней псом и нэхъ къалэ дахащэхэм ящыщщ.

● Ар зэрыщытар

Империем и пщылІхэр

...1745 гъэ. Камчаткэ. ХьтІыгуныкъуэм пщылІхэм зыкъыщаІэтащ; ахуэхьижыкъым я гъащІэ хьэлъэр. Илъэси 10-кІэ гуащІэу зэпэщІэта иужькІэ, Урысей империем и ІыукІэхэм щыпІэм щыпсэухэр «ягъэсабырыжащ».

Сыт хуэдэ щыкІэкІэ? Аращ мы тхыгъэр зытеухуар. XVII - XVIII лІэщІыгъуэхэм я зэпыхьэпІэм упсы кьэзакъ-конкистадор Атласов Владимир и егупуныгъэкІэ Камчаткэ хьтІыгуныкъуэр Урысей империем и колоние хъуащ. ЩІыналъэм и ипщэ ІъэныкъуэмкІэ хьэжэбажэр щыкуэдт. Абы кьыхэкІыу ительменхэм (камчадалхэм) абыхэм я фэхэр илъэс кьэ иратын хуейт зыІэщІыхьахэм. Ар ямыдэу зыхэвахэщ щыпІэм щыпсэухэр. 1731 - 1732 гъэхэм екІуэкІа урыс-ительмен зауэм, дауи, щытекІуар фочхэмрэ топхэмкІэ зэщІэуэзда зэрыпхъуакІуэхэрщ.

НэхъыкІэжт Камчаткэм и ищхьэрэ лъэныкъуэм щыпсэу кояхэхэм я Іуэхур. Мыбы хьэжэбажэр щымащІэт. Абы кьыхэкІыу пащтыхь властым кояхэм яІихырт яІэ закъуэр - цІыхуэр. Иужьрейхэр урыс къулыкъущІэхэм, офицерхэм, къэзакъэм пщІэншэу ягъэлажьэ пщылІхэт. Псори кьызэрыгуэкІыу екІуэкІырт: къэзакъэр коряк къуажэхэм кІуэрти, «ясак» иратыну хуагъэувырт. Зымытыфыр пщылІ хъурт.

ПщылІхэм я нэхъыбэр офицерхэмрэ къулыкъущІэхэмрэ зэщІакъуэрт, ауэ къэзакъ къызэрыгуэкІхэми яІэрыхьэри мащІэтэкъым. 1730 гъэм хьтІыгуныкъуэм щыІа урыс хэхуэтакІуэ цІэрыІуэ Крашенинников С. П. кьиІуэтэжырт къэзакъ къызэрыгуэкІхэр ліакъуэлІэшхэм хуэдэу Камчаткэ зэрыщыпсэур. ЩахущІыхьхэм дежь къэзакъэр куэзыр джэгуу щыст хэжэбажафэм и мызакъуэу, езыхэм я пщылІ коряк ирагъэхьэкуу.

Пащтыхь властым илэжьэр зымыдэу закъыпэщІэзысэжр зэрыкъуажэу пщылІыпІэм зэрырагъэувэм и гугъу умыщІыхэми хъунущ.

МафІэр къолыд

Дауи, къэсащ коряк насыпыншэхэм апхуэдэ щытыкІэр щахуэмыхьыж зэман. 1745 гъэм абыхэм хьтІыгуныкъуэм и ищхьэрэ лъэныкъуэм зыкъыщІащІэтащ.

Псори кьыщежьар ясак къыхэзыххэр кьуажэ цІыкІу зыбжанэм щаукІа иужьщ. ПсынщІэ дыдэу мафІэм зыщиубгъуащ щІыпІэщыпІэхэм: яхуэзыкьыртэкъым. ЗэпэщІэтыныгъэ гуащІэр илъэсипщІкІэ - 1756 гъэр кьэсыхукІэ - екІуэкІащ.

Зауэм и ятіэ пъэхъэхэм кояхэхэм яхуэзфІэкІащ езыхэм я щынальэм кьана щІагъуэ щымыІэу (урыс быдапІэ зыбжанэм нэмыщІ) урысхэр кьрахун. АрщхьэкІэ пащтыхь властым псынщІэу зыкъищІэжащ: Камчаткэм ягъэкІуащ сержант Белобородовым, поручик Кекеровым, капитан Шатиловыр зи унафэщІ гупшхуищ.

Коряк хэхуэ зауэлІ хахуэу къыщІэкІащ. Ахэр лъэщу кьапэщІэуващ. Поручик Кекеровым хуэзфІэкІащ Ягачщи, Каменный щыпІэхэр иубыдри, ауэ ар ящІэкъым коряк хэхуэ исыжтэкъым. Абдежьым щиужащ поручикым и ехьулІэныгъэхэр. Мыгувэу, зыкъригъэлын папщІэ, абы и гупым хэщІапІэ ищІын хуей хъуащ Анадырск быдапІэр.

Я Іуэху нэхъ къикІащ Белобородовымрэ Шатиловымрэ я гупхэм. Иужьрейм, уеблэмэ, кьиубыдыфащ зыкъызэІэтахэм я «абгъуэр» - коряк хэм къыр лъагэм тращІыхьа я быдапІэр. Пэжщ, хэщІыныгъэшхуи игъэтащ. ЗэрыгурІуэгъуэщи, «абгъуэр» зыхъума псори (цІыху 200-м щІигъу) яуКІащ. Псэууэ къэна сабии 5-рэ цІыхубзи 7-мрэ пщылІу ящащ.

Зыри къелакъым

Тхыдэм щхьэхуэу кьыхэнащ 1752 гъэм Охотск лъэхъуащІым гъэр къащІауэ щаІыгъ коряк хэм зыкъызэрагъэтар. Зы Іэмал гуэркІэ тутнакъэм зыпащІафэщ руис къэзакъэм пщылІ ящІа я лъэпкъгъуэхэм. Мурадыр зыхуэгъэзар мырат: лъэхъуащІым исхэм зыкъаІэтри, властхэм я къарурэр зрашалІэ, апщІондэхукІэ пщылІхэм езыхэр зейхэр, зэрыщІту Охотск щыпсэу урысхэр зэтрауКІ. Арщхьэкіэ ар щхьэгъэпщІэжт. Коряк тхъэмыщІкІэхэм къалъытэкъым хъунущІэн-фыщІэн Іуэхухэм зэхъуэхъа кьулыкъущІэхэм зэрапэщІэувэр. Тутнакъэм зыкъызэрагъэтэу унафэ ящІащ коряк пщылІ псори пІэныкъуэ ирагъэзэну. Зыри зыдэмыІэпыкъуу къэна гъэрхэм яхуэзфІэкІын щыІэтэкъым.

ЛъэхъуащІым зыубыдажэм зэманым нэху щыху. Ахэр къэзакъэм къихуэуэрт яуКІа къумаКІуэхэм къытраха фочхэмкІэ. Арщхьэкіэ властхэм топхэр къашэри, лъэхъуащІым и куэбжэр хаудащ. Яубыда тутнакъ псори яуКІащ.

Щыхьэтхэр щремыІэ!

1752 гъэм урысхэм Гижигэ псым и Іуфэм Іуащ1ыхьа быдапІэр щІэдзапІэ хэхуэуащ зыкъызэІэтахэр хагъэщІэным. Ар яухуат мыкъыжьэу щыпсэу коряккэм я Іэхэмкіэ. Лэжьыгъэхэр яуха иужь ахэр псори (цІыхуи 100-м нэс) эзтраукІащ - щыхьэт хуейтэкъым. Апхуэдэ гущІэгъуншагъэм кьыхэкІыу быдапІэр коряккэм я дежкІэ щэхуу кьэнащ. 1753 гъэм абы дэкІри, ежьащ Галтенармус Байбородин и гупышхуэр. А офицерым щысхь ищІэртэхьым: зы щылпІэ гуэрым унагъуиплІ щауБыдэти, щыхьхъуэхэр эзтрукІащ, щыхуб-хэмрэ сабийхэмрэ пщылІу ящащ.

Іугъуэмрэ мэжащІэлІагъэмрэ

Ябыда гъэрым кьрагъэІуэтащ Валхолан къуэм зыкъэзыІэтахэм я унафэщІхэм ящыщ Меленку зэрыщыІэр. Байбородиныр псынщІэу абы кІуащ. Коряккэм зыщагъэпщкІуащ кьыр зэхуакушхуэм. Къэзакъэхэм абы щІадзащ мафІэ зыщІагъэна удз гъэгъа Іэмбатэхэр. ЗыкъэзыІэтахэр мафІэм исащ е Іугъуэм итхьэлащ.

Иужьк1э Байбородиным къуажэхэр зэкиКъуэту щИдзащ. Дауи, кьяхуэкІуэ бийхэр зыІпагъу коряккэр щІэпхъуэжырт. Арщхьэкіэ каптенармусыр абы щхьэкІэ гуэвэрэтэкъым: и мурадыр кьэуафэжьеймэрэ бдзэжьей зэрещэ Іэмэпсымэхэмрэ игъэсынырт. ИтІанэ щІыпІэм щыпсэухэр шхын щхьэкІэ лІэнут.

Апхуэдэ напэншагъэ зыхэлъ политикэр илъэс зыбжанэкІэ ирагъэкІуэкІащ. Сытыт кьахуэнэжьыр зыкъэзыІэтахэм? Абыхэм властхэм зратащ. ХытІыгур мамыр хьужащ, псори нэхъапэм зэпытащ.

КУРАМЛИН Марат.
«Запретная история» журнал

НапэжьуэцІыр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

● Мыгъэ

Америкэм куэдыІуэ тыдощІыхь

Коммунизмэм и лъэхъэнэми СССР-р лъэлъэжа иужькІи Урысейм къащыфІэщІу щытащ, США-м дыгуры1уэмэ, ди пащхьэ кьыт адрей Іуэху псори зэфІэкІыну. Ар пэж?

АПХУЭДЭ нэхъыфІэщІыр иджыри щыІэщ. Ди газетхэм дриплъэмэ, дэ тІъыгъунущ дунейм тет къэралхэм псоми зэхэту тражьІыхьым нэхърэ куэдкІэ нэхъыбэ Штат Зэгуэтхэм зэралъыдгъэсыр. Дэ Америкэр фІыуэ долъагъу икІи тлъагъу хъуркъым. Дыщошынэ, ауэ Іэщ1экІэ дыхуодалъэ. США-м и лІыкІуэу Москва къигъэкІуар зыхуэдэм ди дежкІэ нэхъ мыхьэнэшхуэ иІэщ дэтхэнэ европэ къэралми щекІуэкІ президент хэхьиныгъэхэм нэхърэ.

Ипэжьи1экІэ зэрыщыту урысей дипломатиер зытещІыхьар Америкэрщ. Дэ къэралхэм ГъунэгъУ захуодщІ е дабгъэдокІ, ахэр США-м зэрыхуущытыр къэтлъытэурэ. Дэ къуэш къыдощІ (ди щхьэ и зэран щекІыж куэдрэ къэхъуу, Вашингтон и бийхэр. БлэкІа зэманэм Кубэр фІыуэ щІэтлъагъур ди идеологиекэр зэрызэтехуэрэтэкъым, атІэ Кастрэ Фидель Вашингтон хьэІупс ищІати арат. Ар ди гупсысэм хуэдизу хъуащи, иджыпстуи Венесуэлэми Никарагуами ядот кьызэрамыгъэзэжынур тщІэ щІыхуэхэр, Ким Чен Ын щабэу дыбгъэдохьэ.

Урысеймрэ США-мрэ я зэхущытыкІэхэр илъэс куэдкІэ зэтеуващ. Ди къэралым теухуа американ политикэри США-м тепщІгъуэр щызыІыгъкъым «зауэ щІыІэм» и зэманым кьрагъэжащ. ИкІи апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэ къызэбгэкІыну гугъущ. Тетыгъуэр зей американхэм зэкъуфІэщІыжащ. Адрейхэм закъыщохъуж псоми ефІэкІыу.

Аращи, дэ США-м и пщІэр апхуэдизу тІэтын хуейкъым, ди кьулыкъущІэхэм зэращІым хуэдэу. Хьэуэ, дэ абы и бий пропагандэ хэкъуэзи дыхуейкъым. Нэхъ мащІэрэ дигу къэдгъэкІмэ, дытепсэлъыхьмэ нэхъыфІщ. Езы американхэмэ Урысейм гулъытэу къыхуащІыр мащІэщ.

Зи гугъу тщІыр, зэрыгурыІуэгъущи, дэрэ США-мрэ ди зэхуакъ блын дэдгъэувэныркъым, атІэ ди политикэм Европэм хуэгъэза и унэтІыныгъэхэм зедгъэукъуэдиныырщ. Езы Европэми зэрыхуэзэфІэкІкІэ (ІэмалышагъэкІэ США-м и дежкІэ пльэрэ) деГъэльагъу ГъунэгъУ дызэхуэхьуну, санкцэхэр Іуихыжыну зэрыхуейр. Пэжщ, США-м и жьІэм зэрыщІэувам и мызакъуэу, абы и ахъшэм хуабжу щыгугъ европэ къэрал зыбжанэм я унафэщІхэр иджыри къытхуэІейщ, Урысеймкіэ псори ягъэшынэну хущІокъу. Абы и зы щапхъэщ Литвам и президент Грибаускайте иджыблагъэ ООН и Ассамблее Нэхъыщхьэм щыжиІа делагъэ хъомыр. Арщхьэкіэ Европэм кІуэ ди хэкуэгъу куэдым яльагъу абы щыпсэуэхэр урысхэм фІыуэ къазэрыхущытыр. Иужь илъэсхэм ахэр США-м нэхъ щІыІэ-щІыІэ хуэхъуащ. Си ныбжьэгъухэм яГъусэу Италием сыщыщІам сэ езыми ар нэхъ кууу зыхэсщІащ. Ресторан цІыкІу гуэрым дыщІэсу урым щагъыриф1 дефа иужькІэ, урыс уэрэдхэр къыхэддзащ. Занщ1эу ди гъунэгъу Іэнэм кърагъэхри щагъыр птулькІэ къытхутрагъэуващ. Урымхэр зэщІэхьеящ: «Иугъащ1э Урысейм!» Тпэмыжьыжьэу щыс американхэр «Иугъащ1э Америкэм!» жаІэу кІии ирагъэжьати, ахэр зыми диІыгъкъым.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, «гъуэгу щхьэхуэм» дызэрытеувэрэ блэкІа илъэс пщыкІутхум дэрэ Европэмрэ ди зэхущытыкІэхэр хэпщІыкІыу екІэкІуащ. «Левадацентр»-м и социологхэр щыхьэт зэрытехъэмэкІэ, 2003 гъэм урысейхэм я процент 72-р Европэм фІыуэ яхущытт иджы а бжьгъэр зэрыхъужыр процент 38-рщ. Урысхэм я процент 44-рщ Урысейр европэ къэралу къэзылъытэр. Процент 65-м дэ ЕС-м дыхущІокъун хуэмейуэ жаІэ, Урысеймрэ Европэмрэ я зэхущытыкІэхэр «зэрыщІыІэм икІи зэрыткІийм» кьыхэкІыу. Арщхьэкіэ 2014 гъэм кьыщыщІдзауэ Іуэху еплъыкІэхэм захъуэжу хуежьащ. Евросоюзым нэхъыфІу хущытхэм я бжьгъэм хуэдиткІэ хэхъуащ. Политикхэми я гупэр хуагъэзэн хуейт Европэм.

КОСТИКОВ Вячеслав.
«Аргументы и факты».

Лъэхъэнэ жыжьэ дыдэхэм я щIэин телъыджэ

● Ди лъахэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Зеикъуэ къуажэм ипщэкIэ щыIэ щIыпIэхэм пасэрей цIыхухэм я хэщIапIэ абрагъуэхэр къыщагъуэтащ. ЩIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, абыхэм илъэс мин 50 ипэкIэ дзейуэ зэхъуэт неандерталхэр щыпсэугъащ.

ИПЭКIЭ щыIа зэман жыжьэм щыщу, илъэс мин 300 - мин 30-м къриуфыдэ лъэхъэнэ кIыхьым арехологхэм «палеолит курыт» хужаIэ. Абы и щIэинхэм ди республикэм и щIналъэмэ ущрохьэлIэ. Апхуэдэхэщ, псальэм папщIэ, Бахъсэн псыхъуэ дэт Лашкута къуажэм пэгъунэгъу Сосрыкъуэ и щIэщIыр, мывэ блыным къыхэIущIыкIар, ЭльТюбю жылагъуэм и Iэгъуэблагъэм узыщыхуэзэ Къалэ-Тюбю бгъуэщI Iэрыщ1ыр, нэгъуэщIхэри.

Санкт-Петербург щыIэ «Тхыдэм илэ ита лъэхъэнэ лабораторэ» мыкоммерцэ зэгуфэныгъэм хэт, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат Дороничевэ Екатеринэ КъБР-м нэгъабэ щыIащ. Ар я пашэу лъахэхутэхэм ди щIналъэм къыщалтыхьуащ «мывэ лIэщIыгъуэ» лъэхъэнэм щIэупщIэшхуэ зиIэу щыта щтачыр (кремний) къыщыщIахьыу къкеIуэкIа щыпIэхэр. Апхуэдэхэр Бахъсэн и псы бгъунжхэм ящыщ эым и къуэкIиищхьэхэм къыщагъуэтащ.

Зеикъуэдэс ШыкIабахъуэ МуIэед Дороничевэ Екатеринэ иригъэлъэгъуащ здэщыпсэу къуажэм дэс щакIуэхэр, жэщ къащытехьуэхэм и деж, къыщыуыIэу щыта бгъуэнщIагъыжыр. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, ар зи гугъу тщIы лъэхъэнэ жыжьэм псэуахэм я егъэзыпIэ-я хэщIапIэу къекIуэкIащ икIи хэзыгъуэнэхукIаУэ щытахэр езыхэм я Iэхэмки хэлэжьыхьыжащ - нэхъ бгъуэ, Iэзэгъ-лъэзэгъ ящIащ.

Дороничевэ Екатеринэ и къэпщытэныгъэхэм екъэлIаУэ итхыжахэм мыпхуэдэ псалъэхэмэ уащрохьэлIэ: «ЕдгъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, палеолит курытым и лъэхъэнэ кIыхьым некандерталхэм обсидианыр (Iэмэпсымэ быдэкэр къызыхащIыкI мывэ быдэ лIэужьыгъуэщ), Бахъсэн псыхъуэм къыдахырти, километр 200 - 250-кIэ абы пэжжыкъэу Ищхьэрэ-Къухьэпl Кавказым щыIэ Мэзмей (Мезмай) бгъуэнщIагъым и Iэгъуэблагъэхэм нэс «ягъэIэпхъуэрт». Палеолитым и иужьрей эманым а зэпыщIэныгъэхэм нэхъри заубгъуащ. Бахъсэн псыхъуэ къыщыщIах пкъыгъуэхэр Ищхьэрэ-Къухьэпl Кавказым къыззрыщIыщдзам кьегъэлъагъуэ а щIынальтIыр ижь-ижьыж зэманхэми зэрыщIауэ зэрыщIатар».

Сэрэджыкъуэ бгъуэнщIагъ IэрыщIыр метр 934-рэ си лъагагъ Iуащхьэм и щыгум къыщаIуцIыкIащ, кьыпзэгъунэгъу щIналъэм метр 30-кIэ щхьэщыIэтыкIащ. Мыбдежьым археологхэр щарихьлIащ лъэхъэнэ жыжьэм псэуа цIыхухэм я лъэужь-я Iэужь зыбжанэм: мывэм къыхэщIыкIа пкъыгъуэхэм, къупщхьэ зэхуэмыдэхэм, нэгъуэщIхэми. «ЖыпIэ хъунущ, - къыпещэ адэкIэ Дороничевэ Екатеринэ, - бгъуэнщIагъым къыщыщIах пкъыгъуэхэм мыбдеж дыдэм Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщыхащIыкIыу щытауэ».

«Тхыдэм ипэ ита лъэхъэнэ лабораторэ» зэгуэныгъэм хэт археологхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщIа ПсатхэмахуитIым екIуэлIапIэу яIар Зеикъуэщ. Пщэдджьыб къэс ахэр ШыкIабахъуэ МуIэед езым и «Нива» машинэмкIэ Сэрэджыкъуэ бгъуэнщIагъым и Iэгъуэблагъэхэм нигъэсащ, пщыхьэщхьэ къэси къуажэм къишэжащ (хьэщIэжэм я лэжьэгъуэ махуэр, нэхъ мащIэраУэ, сыхьэти 10-м къекъакъым).

БгъуэнщIагъыр щыпIэ къуейщIейм щыIэщ. Абдежым укъыщыщIидзын папщIэ, хуабжьу зэщIэкIэжа икIи хэгъуэщхьэпэным нэса зекIуапIэжь нэшэкъашэм километри 7-кIэ упрыкIын хуейщ. Мэзым щежэж псы цIыкIуи и Iуфэм гъуэгур щеухри, адэкIэ лъэсу иджыри километри 2 хуэдизкIэ удэкIуэтеижынущ, къуэбэкъым дэт псы ежэх цIыкIум уелъэ-укъелъэжурэ.

БгъуэнщIагъым къызэщIиубыдэр метр зэбгъуэзнатIэ 80 фIэкIа мыхъуу хьыбар къатауэ щытащ, ауэ, ар пэжкъым - абы и «пэш» кIуэцIхэм метр зэбгъуэзнатIэ 300-м нэблагъэкIэ заубгъуащ. Къыр лъабжьэм къыщIаIуцIыкIар, къызэрыщIэкIымкIэ, къызэрымыкIуэу хуабапIэщ, ещ,ееззэщ лъэщу зэрыщIатри узэрыIуплъэу къыбощIэ. Нэхъапэхэм ар нэхъ иныжт, арщхьэкIэ, къыгуэу-ныгуэхэм бгъуэнщIагъ кIуэцIыр ягъэмэщIащ.

Дороничевэ Екатеринэ

Гупым и унафощI Дороничевэ Екатеринэ и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым пасэрей цIыхум и хэщIапIэхэм ящыщу нэхъ жьы дыдэу къалъытэу щытам илъэс мин 20 хуэдизщ и ныбжьыр. Ауэ, абы щыгъуэ неандерталхэм я увыIэпIэхэр ди щIналъэм щIыIэ щIэныгъэлIхэм ящIэхэхакъым. Иджы абыхэм Iэмал яГъуэтащ илъэс мин 50 ипэкIэ ди деж къыщыкIуэкIаХэр ди нэгу къыщIагъэувэжыну: дунейм и щытыкIэр зыхуэдари, неандерталхэр зэщIакIуэу щытари, нэгъуэщIхэри. Илъэсищым тещIыхьа мы лэжьыгъэм еджагъэшхуэ 15 хуэдиз - геозоологхэр, вулканологхэр, палеонтологхэр, генетикхэр, нэгъуэщIхэри хэтынущ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Сурэтхэр зейр **Щомахуэ Дарьещ.**



Сэрэджыкъуэ бгъуэнщIагъым.

И насып хэлъщ артист IэщIагъэм

ЦIыху къэс зэфIэкI гуэр иIэщ, ар къигъэсэбэпурэ и лэжьыгъэр цIыхубэм ябгъдилъхьэу. Мы тхыгъэр зытеухуа щIалэм и зэфIэкIыр, псэ къабзэкIэ зыбгъдэдэт лэжьыгъэр зыхуэгъэзар гъащIэм и гуэщIагъэ, и зэфIэгъэри, и пIащIагъри адрейхэм хуэмыдэу зыхэзыщIэхэрщ.

Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист, ныбжькIэ щIалэми, хабзэ зыхэлъ Джатэжьокъуэ Константин Дзэлыкъуэ къуажэм 1990 гъэм къыщалъхуащ. Зэрысабийрэ спортым дихьэх щIалэ цIыкIум артист IэщIагъэр зригъэгъуэту, адыгэ театрым и утыкушхуэм щыджэгуну гугъэ зэи иIакъым. Ауэ гъэщIэгъуэнурэ къекIуэкI гъащIэм щIалэщIэм хуэфащэ увыIэр щигъуэтыжауэ, цIыхухэм я гум дыхьэрэ ахэр игъэгуфIэу театрым и утыкур егъэбжьыфIэ.

Iэщ1эгъуэну театрым и утыкум иджэрэза щIалэщIэм упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.

- Удихьэхыу, ехъулIэныгъэхэр зыIэрыбгъэхьэу спортым уэрыхэтам дыщыгъуазэщ. Ар IэщIыб пщIыпуэ, артист IэщIагъэр щхьэ къыхэпхьи хуей хьуа? Хэт абы утезыгъэгушхуар, уи Iыхьлыхэми дауэ хъащыхьуа апхуэдэ зэхъуэгъэкIыныгъэ уи гъащIэм хэплъхьэныр?

- Иджыри сыцIыкIуу, ди къуажэ дэс сабий куэдым сащIыгъуу, ди адэр ди гъэсакIуэу тхэквондом сыхэтащ. Къуажэм дэт Щэнхабзэмкlэ унэм зыщыдгъэсэну зы пэш къыдатауэ щIалэгъуалэр абы дыкIуэрт, си адэри абы пщIэншэу сабийхэм щадэлажьэрт. Школыр къэзуха нэужьи Iэщ1ыб сщIын мурад сиIакъым, ар апхуэдизкIэ сфIэфIти, ауэ си узыншагъэм кIымыхьыж щыхъуи, нэгъуэщI хэкIыпIэ сиIэтэкъыми, къызэхъэпъэкIыу къэзгъэнаУэ щытащ. Апхуэдэу си Iуэхур щыхъум, щхьэхуэ щыхъуащ щытащ.

Къэрдэкlэм зыщедгъасахэм я зы пщыхьэщхьэм кьыддэлажьэ ди унафэщIхэм хъыбар къызагъэщIат Къэбэрдей-Балъкъэрым ирагъэкIыу Щукиным и цIэр зезыхьэ Театр институтым щеджэну яГъэкIуэну ныбжьыщIэхэр къызэрахъымкIэ. Артист IэщIагъэм сыщIэхъуэпсу, сыхуедджарэт, срилэжьарэт, утыку ситарэт жысIэу зэи сыщытатэкъым, ауэ абы сыкIуэмэ нэхъыфIу щыжаIэм, си къару сеплъыжьын мурад сиIэу сыкIуэри, зэхьэзэхуэхэм сыпхыкIауэ щытащ.

Курыт школыр къэзуха нэужь, си Iыхьлыхэми къыздаIыгъащ сызытеува лъагъуэр, куэду щыгуфIыкIахэт. Сыту жыпIэмэ, еджапIэ нэхъыщхьэм экономикэмкIэ иIэ къудамэм сыщIэтIысхьауэ щытат. Абы сызэрыщIэхуамкIэ хъыбар къыщатым, си анэшхуэр ди адэм деж телефонкIэ псалъэри игъэгуфIэну хъыбарыр жриIати: «Ар абы куэдрэ щытепыIэнукъым!» - жэуапыр къритат. Апхуэдэуи хъуащ, зыбжанэрэ фIэкI а еджапIэм сымыкIуэу, си псэм зэрыдэмыкьэр къызгурыIуэри, IэщIыб сщIыжат. Иужькlэ, мы Iуэхум зеспщыту сыкIуэщIрыкIа, театральнэ институтым сыщIэхуа нэужь ди адэм: «Мис ар къиухыну къыщIэкIынщ!» - жиIэгъат.

- ИлъэсиплкIэ фыэздеджащ, дауи, лъэпощхьэпо куэдым фыхуэзащ а зэманым къриубыдэу. Дауэрэ феджа? Сыт хуэдэ зэхущытыкIэ фи яку дэлъар? Фи егъэджакIуэхэр сыт хуэдэт?

- Псом нэхъ хьэлъэр хамэ щIыпIэ дызэрыщыIэр арат. Дезыгъэджа егъэджакIуэхэм, псоми я цIэ хэмзмIуэми, фIыщIэшхуэ яхуэоущ, куэду гугъу зыкъыддрагъэхьащ, я псэм щыщ хъуахуэ къытхалъхьауэ жыпIэ хъунущ. Сыту жыпIэмэ, ауэ сытми зэманыр ямыгъакIуэу, щIэныгъэ зэрыдагъэгъуэтыным, дызыхуедмэ унэтIыныгъэм и дурэш псоми дыззэрыдгъэлпъэным, сыт и лъэныкъуэкIи зыхъыдзэрытпэщIагъэкъуэным хущIэкъуащ аХэр. Хэти актёр IэщIагъэм дыхуигъэсащ, хэти къафэм, хэти утыку итыкIэм, нэгъуэщI куэдми щыгъуазэ дащIым къыщымынэу, дагъэлъэгъуащ, къытхалъхьащ. А псор къыщыдгурыIуэри къыщыдгъэсэбэпри иджыпстущ.

Жьжьэ дызэрыщыIэр арами сщIэртэкъым, ауэ мыбыкIэ дикIа ныбжьыщIэхэри дызэрыбгъэуу, зы анэм кьилъхуам хуэдэу дызэхущытащ а илъэсхэм. Иджыпстуи къыдгъэзэжауэ тетрым дыщызэдолажьэ, дызыкIэлъокIуэ, дызэрыгъащ.

- ДызэрыщыгъуазэмкIэ, спектакль зыбжанэм ущыджэгуащ, театреплъэм гукъинэж ящыхъуа роль зыбжани бгъэзэщIащ. Сыт хуэдэ ахэр? Утыкум ипхьэ ролхэм дэтхэнэр нэхъ упэгъуэгъуэ, щапхъэ тесхарэт жыхуэпIэ яхэт?

- Роль нэхъ ину утыку исхьэхэм ящыщу Теувэжыкъуэ Владимир игъэува «Доктор философии» спектаклым хэт Милорад и ролыр; Фырэ Руслан игъэувахэу «Лъагъуныгъэм и къарур» спектаклым хэт Мурадин, «Бгъэмрэ бгъэ анэмрэ» хэт Малютэ Скуратов сымэ я ролхэр, Елкlуж Андзор игъэува «Мыщэ и къуэ Батыр» таурыхъым хэт Домбеиплъэ и ролыр. Абыхэм къыщымынэу, нэгъуэщI зыбжанэми сыщоджэгу, ауэ абыхэм роль нэхъыщхьэ щызгъэзащIэкъым.

Актёр къэс езым нэхъыфIу илъагъу, нэхъ къехъулIэ роль иIэжщ, сэ отрицательнэ ролхэм нэхъ сыхущIэкъуу сыщытщ.

Утыку исхьэ ролхэм зыри къыхэзгъащхьэхуКIыркъым, згъэзащIэжьмэ дэтхэнэзри сэр щхьэкIэ лъапIэщ, фIыщ, театреплъэм я пащхьэ нэсу зэрисхьэным яужь ситщ. Ауэ мыбы ещхьу сыщытарэт, мыбы и хьэлэм щыщ зыхэслъхьарэт жысIэу сыщыткъым. Ар сценэщ, си лэжьыгъэщ, мыдрейр си гъащIэщ.

- Дэтхэнэ зы цIыхуми мурад гуэр иIэщ, зыгуэрхэр къызэхъулIарэт жиIэу щытщ. Уэ сыт хуэдэ мурадхэр уиIэ? Сытым ухущIэкъурэ?

- Псоми мурад гуэр диIэщ, фIым дыпоплъэ. Ауэ а сызыщыгугъ, сызыпэплъэфIым къыдэкIуэу сэ сыщIэхъуэпсу зы щIэщ - си адэм ещхь сыхъуну сыхуейщ.

Дэтхэнэ адэ-анэри я быным ятеубгъауэ, яфI къалъхьуэу щытщ. Сэри, сысейхэри нэхъ лейуэ аракъым, ауэ си адэм куэд къыхэкIыщащ, куэдкIэ щIагъэкъуэн къыхэхъуащ. Тхэквондом сыщыхэтым къызэрызбгъэдэтам къыщымынэу, ар IэщIыб сщIын хуей щыхъуми щызыдиIыгъащ, иджыпсту сызытет лъагъуэми сытригъэгушхуэри, дэIэпыкъуэгъу кьысхуэхъуурэ, нобэм сыкъэсащ. Сыт щыгъуи къыскъуэтщ, сыт хуэдэ Iуэхуи ирехьу, чэнджэщ къеIысхьу, абы и деж сыщыщIэупщIэжу, и хьэлхэм щыщ схэпльарэт, ещхь сыхъуарэт жысIэу, ар си щапхъэу апхуэдэщ.

Мурадхэр куэд мэхъу, тхуэзэпыщэмэ, тхуэзгъэуIумэ ди насыпщ. Ауэ зэкIэ кьызэхъулIахэмкIи сыарэзыщ, лъэпкъым сыхуолажьэ, цIыхубэм сахэтщ. Сынасыпыр IэзэобжьыкI утыку сыкъыхьэу цIыхухэр зэгъэгуфIэу сызэритым щхьэкIэ.

- Уи мурадыр IэхэР кьохъулIэну ди гуапэщ, Константин. Тхьэм уригъэфIакIуэ.

Епсэлъар **ХЬЭРЭДУРЭ Аллэщ.**

Аргуэру хэгъэрейхэм къыхагъащIэ

Дыгъэгъазэм и 1 - 2-хэм Ираным и къалащхьэ Тегеран щекIуэкIащ ныбжьыщIэхэм спорт бэнэкIэмкIэ я гуп зэхьэзэхуэ. Ди лъахэгъуэу Къер Азэмэт, Псэунэ Станислав, Бещто Мухьэмэд, ЗакIуий Азэмэт сымэ абы дыжьын медалхэр къыщахьащ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ кърихьэлIат Армением, Азербайджаным, Белоруссием, Къзэахъстаным, Монголием, Урысей Федерацэм, Сирием, Тыркум, Украинэм, Ираным я командэ къыхэхахэр.

Ялэ махуэм зэпеуад бэнэкIэ хуитымкIэ. Урысей Федерацэм и щIыхьыр абы щахъумащ Къер Азэмэтрэ Псэунэ Станиславрэ. Я хьэрхуэрэгъу псоми ефIэкIри, ди щIалэщIэхэр финалым нэсащ. Абы къащыпэщIэуващ Ираным и гуп къыхэхар. Нэгъаби хуэдэу, хэгъэрейхэр текIуащ икIи кубокыр зыIэрагъэхьащ.

Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ спортсменхэр етIуанэ махуэм утыку къихьащ. Абыи и кIэух зэIущIэм щызэIущIащ хэгъэрейхэмрэ Урысей Федерацэмрэ я бэнакIуэхэр. Аргуэрыжьи, 6:4-уэ, Ираныр нэхъ лъэщащ. Арати, Бещто Мухьэмэдрэ ЗакIуий Азэмэтрэ зыхэта, ди къэралым и гуп къыхэхам етIуанэ увыпIэр иубыдащ.

КъыхэгъэщIапхъэщ ЗакIуий Азэмэт и екъулIэныгъэр. Ираным ар кIуащ Урысей Федерацэм и кубокыр къэхьыным теухуауэ екIуэкIа зэхьэзэхуэм дыжьын медалыр къыщихьри, етIуанэ махуэм. Тегеран абы зэIущIиплI щригъэкIуэкIаIати, псоми щытекIуащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Налшык

ИлъэсыщIэ тыгъэхэр

Налшык, Профсоюзхэм я унэм, щагъэувыну ИлъэсыщIэ псейм сабий мини 10 ирагъэблэгъэнущ.

КЪЭБЭРДЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и Правительствэм щIынальэхэм я унафэщIхэм пщэрылъ ящищIащ сабий зеиншэхэр унагъуэ хуэмыщIахэм, бынунагъэшхуэхэм къахэкIа, ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъ цIыкIуэхэр абыхэм пщIэншэу хэтыну кьрагъэшэну.

Сабийхэм зэрахуэпсэну илъэсыщIэ тыгъэхэм республикэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуани 3,5-рэ трагъэкIуэдэнущ, Профсоюзхэм я зэгуфэныгъэм мы Iуэхум хилъхьэнущ сом 1 мелуаным щIигъу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● ХъыбарегъащIэ

Концертым фрагъэблагъэ

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм фрегъэблагъэ Тэрч къэзакъэм уэрэдымрэ къафэмкIэ я къэрал Iуэрыуатэ ансамблым и концертым.

Пшыхьым музыкэ Къэрал театрым дыгъэгъазэм и 8-м сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м щыщIидзэнущ. УпщIэ зиIэхэр фыпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкIэ: 77-42-08, 42-43-13.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур дыгъэгъазэм и 9-рщ.

Урысей Федерацэм и кубокым

● БэнэкIэ хуит

Раменскэ къалэм щекIуэкIащ Урысей Федерацэм бэнэкIэ хуитымкIэ и кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэ. Абы текIуэныгъэр къыщахьащ Машэжь Расулрэ Багъэтыр Руслан рэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ кърихьэлIат Мэзкуу, Санкт-Петербург къалэхэм, Мэзкуу областым, Красноярск крайм, Кърымым, Дагъыстэным, къэралым и нэгъуэщI щIыпIэхэми я бэнакIуэ нэхъ лъэщхэр.

Я хьэлъагъ елъытауэ щхьэзакъуэ зэпеуэм текIуэныгъэр къыщахьащ Машэжь Расулрэ Багъэтыр Руслан рэ. ЗакIуий Азэмэт дыжьын медалыр къыIысащ, КIэрэф Ратмир ещанэ увыпIэр иубыдащ.

Зи цIэ къитIуа ди щIалэхэм зи щIыхьыр яхъума Кърымым гуп зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр щиубыдащ, Дагъыстэным икIахэр ялэ ирагъэщри.

КЪАУДЫГЪУ Заур.


Машэжь Расул


Багъэтыр Руслан

Редактор нэхъыщхьэм и ялэ къуэдзэ
ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:
Хьэфыцlэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жылаесэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщIэмыщI Иэз.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдэжьIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщалэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аХэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъыц КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIынальэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэм: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня,** *редактор* **ЩIхьэщэмыщI Иэз,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аэзмэт** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейр сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.425 ● Заказ №1557